ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ЛЕКIЫ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№144 (21.302) ● 2008 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 26, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

● Хьыбар гуапэ

КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен Петр Езанэм и орденыр кьратащ

Жылагъуэ наградэхэмкIэ лъэпкь комитетым Къбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен кьыхуихьэфащ Петр Езанэм и орденым и Iнагьыщэр.

Республикэм и Iэтащхьэм а наградэр кьратащ Урысей къралыгъэм зегъэужьыным гъэбыдэнымкIэ иIэ фIыщIэм папщIэ.

Уэрамым и цIэр зэрахъуэкIынукъым

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен къемыкIуу кьилъытащ Кэнжэ къуажэм Андреевым и цIэкIэ щыIэ уэрамым Къанокъуэ зэкъуэшхэм я цIэр фIэщыным теухуауэ къащта унафэр.

АБЫ ТЕУХУА тхыгъэ республикэм и Iэтащхьэм хуигъэхьащ уэрамым и цIэр зэхъуэкIынымкIэ 2008 гъэм мэкъуэуэгъэм и 27-м еым и сессием унафэ кьыщыгъыщта Налшык кьалэм и щIыпIэ самоуправленэм и Советым и унафэщI Муравьев Игорь. «ФIыщIэ фхузощI яп дунейпсо зауэмрэ Хэку зауэшхэмрэ хэкIуэда Къанокъуэ зэкъуэшхэм я щIыхьыр гъэлъэпIэныным гулъытэ зэрыхуэфащ» папщIэ, - етх Президентым, - Аущ зи гугъу тщIы уэрамым и цIэр сэ республикэм и унафэщIу сыщыщIыт мы лъэхъэнэм зэхъуэкIынымкIэ къемыкIуу къызолъытэ. Абы кьыхэкIыу синыводлъэIу Андреевым и уэрамым и цIэр зэхъуэкIыным теухуауэ къэхщта унафэм кьытебгъэзэжу Советым и зи чэзу сессием фыщыкъэплъэжыну».

Уэрамым и цIэр зэхъуэкIынымкIэ жэрдэм кьаIэтауэ щытащ лэжьыгъэм и мотеран, къэзыгъэлIа щIэныгъэлI Iэтащхьэу лэжьа КIэщ Хъусеин» абы и кьуажэгъуэмрэ. Кьалэ Советым и унафэри абыхъэм зэрызыкъыхуагъэзам тету кьыдигъэкIауэ щытащ.

Хьэуа шарым ису Iуащхьэмахуэ щхьэпрылъэтыкIыну я мурадщ

«Подорожник» урысейпсо жылагъуэ зэгухьаныгъэм щыщ спортсменхэм я мурадщ Урысейм Хьуэм щыпхъэнымкIэ и федерацэм и лэжьакIуэхэм ящыIыгъуу икIи «Эльбрусгурис» ОАО-р зыдагъэIэпыкIуурэ, Гиннесс и мылым хуэфэщэн рекорд ягъэувын папщIэ, хьэуа шарым ису Iуащхьэмахуэ щхьэпрылъэтыкIыну.

АБы ПАПЩIэ дыгъуасэ пщэдджьыным жьыуэ Азау хуейм щыIэхъуэсат спортсменхэмрэ а Iуэхум и кьыхэзгъэщакIуэхэмрэ. Нэхъ уэму щыщыт зэманыр кьагъэсэбэпри, абыхъэм тонни 3-м нэблагъэ зи хьэпагъ хьэуа шарыр щагъэлъэтэну, щагъэтIысыжыну щIыпIэхэр яубыхуащ, шарыр зэрызэрагъэкIуэну щыкIэр ягъэбелджылащ.

Гиннесс и тхылъым ихуэн рекорд гъэувыным кьыдокIуэу, мы Iуэхум хэтынухэм я мурадщ дыкъэзыухъуреихь дунейр нэхъ хуэсакьыу зэрыхъумапхъэм, Урысейм и тельыджэу 7-м языкэз Iуащхьэмахуэ кьабзэу щытыным хуэсакьын зэрыхуейм цIыхухэм гу лърагъэтэну. Абы папщIэ мы Iуэхум хиубыдэу кьыхэрагъэпэщынущ ди щыгу цIэрыIуэм и щIыпIэ зэмылIужьыгъуэхэм щыпхъэнкIийр кьэгъэкIэжьэныр. Экологхэм ящIыгъуу абы хэтынущ КъБР-м Дыкъэзыухъуреихь дунейр хъуэнымрэ щIыуэпсыр кьэгъэсэбэпыныкIэ и министерствэм, КъБР-м ЩIалэгъуалэмрэ жылагъэ зэгухьаныгъэхэмрэ я IуэхуэхмкIэ и кьэрал комитетым я лэжьакIуэхэр.

ХЬЭПЭ Маринэ,
КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1ап1эм и лэжьакIуэ.

● Дыгъуасэ

КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Ярин Андрей Израйлым щыщ хьэрычэтыщIэ Хьун Шэукьий республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен кьыхуихьа тыгъэр кьрет.

КъБР-м и Президентым фIыщIэ хуащI

КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Ярин Андрей Израйлым щыщ хьэрычэтыщIэ Хьун Шэукьий республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен кьыхуихьа тыгъэр кьрет.

ПРАВИТЕЛЬСТВЭМ и Унафэщым хьэщIэхэр щигъэгъуэзащ нобэ КъБР-м и псэукIэм, абы иIэ екъуIэлэныгъэм, адэкIэ я мурадхэм. Апхуэдэу ар тепсэлъыхьащ нэгъабэ Къэбэрдей-Балькъэрыр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 450-рэ зэрырикъуар зэрагъэлъэпIам, Израилымрэ УФ-мрэ я зэпыщIэныгъэр иужьрей илъэсхэм зэрефIакIуэм лъэныкъуитIми зауэныныкIэ мыхьэнэуэ иIэм. Ярин Андрей и кьэпсэлъэныгъэм кьызэрыхэщамкIэ, апхуэдэ зэхэщыгъэкIэр кьызыхэкIыр Урысей Федерацэм журт куэд зэрыщIепсэурщ икIи абыхъэм ящыщу Къуэкlыпl Гъунэгъум Iэпхъуаэм пыщIэныгъэ быдэ хуаIэу зэрыщыгъэр, къэралитIми я псэукIэр ефIэкIуэныкIэ щIыналъэхэм я унафэщIхэмя яхуэзфIэкI кьызэрамыгъанэрщ.

Гъыш Мамдух кIэщу тепсэлъыхьащ Израилым щыIэ адыгэ кьуажитIым я тхыдэм, нобэ яIэ псэукIэм, кьэрал унафэщIхэм абыхъэм хуэфащэ гулъытэ кьызэрыхуащIым, кьуажIым льагъэхэр кьыIэрыратым. АдэкIэ Леви Шломо кьыхигъэщащ махуитху хьуауэ республикэм щилъагъуэхэр фIэгъэщIэгъэуэн зэрекIуэкIыр, ди хабзэхэм зэрыдащхьэхьыр. Апхуэдэу абы КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен фIыщIэшхуэ хуищIащ гулъытэ кьаэрыхуищIамкIэ, ди щыпIэм щыIэхукIэ ятекIуэдэну мылъкур зэрахъухьамкIэ икIи кьыхихыгъэщащ КъБР-м икIыу яхуеблагъэ дэтхэнэ гупми гуапэу зэрагуIущIэнур.

- Израильмии щыпсэу дэтхэнэ зы адыгэри Урысей Федерацэм зэрилыкIуэр и напщIэм телъу кьытхэтщ икIи абыхъэм дэ кьуэшым хуэдэу дахущытщ, - жиIащ Леви Шломо.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым хьэщIэхэм тыгъэ яхуищIащ Къэбэрдей-Балькъэрым теуха альбом гъэщIэрэщIэхэр.

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Иэз.

Хьэщ1эхэмрэ бысымхэмрэ.
Сурэтхэр МАМИИ Руслан *трихащ.*

● ЗэIущIэхэр

Япэ игъэщыпхъэхэм топсэлъыхь

Дыгъуасэ зэхэтащ Къэбэрдей-Балькъэрым ПромышленностымкIэ, гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексымкIэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министерствэм и коллегием и зэIущIэ.

АБы щIыЗЭПКЪРАХАЩ мазих блэкIам я лэжьыгъэм кьрикIуэхэмрэ етIуанэ илъэс ныкъуэм кьаIэщыт кьалэнхэмрэ.

Министр **Унаев Казим** и докладым кьызэщIригъэубыдащ зи гугъу тщIы зэманым яхуэзфIэкIаехэр, ахэр зэфIэхьныныкIэ кьагъэсэбэпа Iэмалхэмрэ зэкIэлIэхэмрэ. Министерствэм хьыхь Iэнатlэ нэхъыщхьищым я Iуэху зыIутыр игъэнэIуа нэужь, ар кьытеувыIащ етIуанэ илъэс ныкъуэм япэ игъэщыпхъэу кьилъытэхэм.

Зэхуэсасхэр нужькIэ ещIыуащ 2008 - 2009 гъэхэм я бжьыхь-щIымахуэ льэхьэнэм зэрызыхуагъэхьэзырым, фэтэр куэд хьу унэхэр кьызыхуэтыншэу зэгъэзэпэщыжьным, жьы хьуаехэм щIэсхэр гъэпэхьуэным и Iуэхукlэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм щекIуэкI зэхьуэкIыныгъэхэр дэIыгъныкIэ Фондым республикэм хухиха мылькур кьызэзырыгъэсэбэпыпхъэм ятеухуауэ министрым и къудзэ **Бэлагъы Борис** жиIахэм.

Докладхэм дышIагъужу кьэпсэлъащ «Къббалькъэнергэ», «Налшыкхуабэзнергэ» ОАО-хэм я унафэщIхэу **Губжокьуэ Юрэ, Жамборэ Анатолэ,** «Тэрч налмэс» акционер обществэ зэIухам и директорхэм я Советым и тхьэмадэ **Хьэжу Владимир,** нэгъуэщIхэри.

Зэ1ущIэм кьрикIуар щIэзэкалъхьэжым кьагъэлIъгъуащ зэрыщыту министерствэри абы и кьудамэхэри мазих блэкIам хьарзынэу зэрыгIэжьар, кьаIэщыта кьалэнхэм мыейуэ зэрапэлъэщар.

Зэхьихьэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Аппаратым и Унафэщ1 **Кьанокъуэ Сультан,** кьалэ, район администрацхэм я Iатащхьэхэм я кьуэдзэхэр, Iуэхур зэгъэщIыпIа Iэнатlэхэм я унафэщIхэр.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

Зэгъусэу зэхалъхьэж

КъБР-м Транспортымкl, связымрэ гъэту хозяйствэмкIэ и министерствэм и коллегием и дыгъуасэрей зэIущIэм щытепсэлъыхьащ япэ илъес ныкъуэм я лжьыгъэр зыхудамрэ ещанэ мазищым кьаIэщыт кьалэнхэмрэ.

МИНИСТР **Сунш Ануарбий** и докладым зэрыщыжиIамкIэ, мазихым кьриубыдэу гъэзгущIэу километр 31-м нэблагъэ ятащ. Абы и лъэныкъуэкIэ зэфIагъэкIащ сом мелуан 425-рэ и уасэ лжьыгъэ.

Министерствэм игъэхьэзыращ щIыхуэхэр нэхъ тыншу, шынагъэншэу кьеIэжьыным тещIыхьа законопроект зыбжанэ, гъэущ гъэзгу транспортым, связым я Iэнатlэхэр езыгъэфIакIуэ хэкIыпIэхэр нэхъ тегушхуауэ кьагъэсэбэп.

Зэхьыхьэм щыхэплащ КъБР-м и гъэзгу-транспорт комплексым и предприятэхэмрэ организацэхэмрэ улахуэм щыхэгъэхьуэным и Iуэхукlэ лъэныкъуищу зэхэт республикэ комиссэм кьищта унафэр зэрагъэзащIэм, нэгъуэщIхэми.

АРУАН Алий.

● Шэрэдж куей

Псыр кьиуныр зэпыуркъым

Бгыльэ щIыпIэхэм зэкIэлъыкIуэу щешхэ уэшхышхуэхэм я зэранкIэ Шэрэдж кьиуащ. Техникэ хьэлъэхэр псы Iуфэхэм ирашэлIащ, щытыкIэм зимыхъуэжмэ, псынщIэу кьызэрагъэсэбэпыным тещIыхьауэ.

IЭЩIАГЪЭЛIХЭР нэхьыбэу тошныжьх Нарткъалэ - Уэзрэдж - Хьэтуей гъуэгуэхэр зэпызыщIэ лъэмыжьм ищхьэкIэ щыIэ дамбэхэм. Апхуэдэу тхьэмахуэ кIуам километр 16 зи кIыхьагъ Новэ Шэрэдж гуэжьпIэм лъагэу зыкъыщызыIэта псыр Псынабэм и гъавэ щIапIэхэм щIэуэри, нартыху хьэсэхэм я курыкупсэр жапIэ ищIащ, хэщIыныгъэ инхэр мэкъумэзыщIэхэм яриту. Псыкуэдымрэ унагъуэ 13 щыпсэу Мэздахэ жылагъуэ щыкIымрэ зэпызыщIэ лъэмыжьр щIыпIэ администрацэмрэ я къуажэсэхэмрэ я кьуажэ щIэныгъэщагъ. Гектар 300-кIэ укъуэдия гъавэ щIапIэм узэрекIуалIэ етIуанэ лъэмыжьр зэтрикъутащ. Иджыпсту псыр мащIэу зэрымамырыжар кьагъэсэбэпауэ, псы Iуфэхэр щIыпIэ-щIыпIэхэм щагъэбыдэ, лъэмыжьр тралъхьэж.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.



Куржыр увыIэну кьыхуреджэ

АБХЪАЗ. *Германием и вице-канцлер, нэгъуэщI къэрал Iуэхуэхмкlэ и министр Штайнмайер Франк-Вальтер журналистхэм яжриIащ Абхъазымрэ Осетие Ипшэмрэ нужьрей махуэхэм кьыщыхьуа мыхьэмышIагъэхэм зэрагъэлIейтер.*

-СЭ СРОIУЭАБЭ Абхъазымрэ Осетие Ипшэмрэ щыгъуэ зыхэкIуэда насыпыншагъэхэр кьызэрыщыхьуам. Абы кьыхэкIыуи зэпэщIэува лъэныкьуэхэр кьыхуэоджэ залымыгъэр ягъэувIэу политикэ зэпсэлъэныгъэм пащэжьиу. Куржыр, и щIыбагъым кьыдэт кьэрал зыбжанэм кьакьуогушхукIри, Абхъазымрэ Осетие Ипшэмрэ затрищэщIэм щигъэтырыкым, ауэ ар кьэгъэувыIэн хуеищ, - жиIащ Штайнмайер Франк-Вальтер.

Сымаджэщыщ1э кьызэIуах

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *Черкесск кьалэ сымаджэщым иджыблагъэ кьыщызэIуахащ реанимациI кьудамэ. Абы хохьэ анестезиологие, реанимацI, интенсивнэ терапие кьудамэхэр.*

СЫМАДЖЭЩIым и лэжьакIуэхэм зэрыжаIэмкIэ, иужьрей илъэс 18-м кьудамищыр зэпэIэщIэу щытащ. Абы гугъу ящыIрт сымаджэхэм я Iуэхури дохутырхэм я лэжьыгъэри.

Ар кьызэIуахащ Черкесск кьалэ администрацэм и ахъшэкIэ.

Уз бзаджэм пэщIэтщ

АДЫГЕЙ. *Тохьутэмыкъуей район сымаджэщым и дохутыр, нэхъыщхьэ Шэнтыжь Светланэ зэрыкIэлъкIэ, 2007 гъэм кьритуфыдзу куейм щыщу щыIу 23-рэ жьэн уэшм ялыкIащ. Псори зэхэту учетым щытащ щыхуи 102-рэ.*

«ЖЬЭН УЗЫМ щеIэзэ сымаджэщ щхьэхуэ Мейкьуапэ дэткым. Абы кьыхэкIыу сымаджэхэм яхудохьэлъагъуэ Къэбэрдей-Балькъэрым, Геленджик я курортхэр, санаторэхэр, ауэ путевкэхэр зэрыльапIэм кьыхэкIыу кIуэфыркъым, Псалъэм папщIэ, 102-м щыщу 4-щ санаторэм щыIар», - кьыхитхэщащ Шэнтыжь Светланэ.

Республикэм Узыншагъэр хьумэныкIэ и министерствэм и лэжьакIуэхэм зэрыжаIэмкIэ, Адыгеим щыщу жьэн уэ зэфыкIэр щыху 3600-м щыноблагъэ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

● Олимп Джэгуэр къоблагъэ

Путин Владимир я пашэу

Урысей Федерацэм и командэм дэщIыну Пекин щIэзэуэхэм я пашэу щытынущ УФ-м и Правительствэм и Унафэщ1 Путин Владимир.

«Щэч кьытесхэзыркъым апхуэдэ спорт гуфIэгъуэ зэхьыхэм кьэралу куэдым я щIыхуэр Пекин зэрыщIэзэхуищэсынум. Урысей Федерацэм и командэм дэщIынуэрэ пашэ яхуэхьунущ Путин Владимир», - жиIащ УФ-м нэгъуэщI кьэрал Iуэхуэхмкlэ и министр Лавров Сергей.

Абы апхуэдэуи кьыхихгъащащ олимпиадэ Iуэхуэхэм кьадэкIуэу Путин Владимир Китайм и унафэщIхэм зэрагъэщIэну, сату-экономикэ зэпыщIэныгъэхэр егъэфIэкIуэным теуха зэгурыIуэныгъэхэр кьаралитIым зэрызэращIыпIэнур.

Сом мелард 12

УРЫСЕЙ Федерацэм и командэр Пекин щIэзэхэтыну гъэмахуэ Олимп Джэгуэм хуагъэхьэзырын папщIэ 2005 - 2008 гъэхэм сом мелард 12 кьэрал бюджетым кьыхэкIащ.

УФ-м и Къэрал Думэм кьыщыпсалъэу а бжыгъэхэр кьыхихыгъащ Урысей Федерацэм спортымкIэ, туризмэмкIэ, щIалэгъуэ Iуэхуэхмкlэ и министр Мутко Виталий.

«Сом мелард 12-м щыщу сом мелуан 293-м спорт Iэмэпсымэхэр, оборудованэ кьращэхуащ, сом мелуан 267-рэ и уасэ медицинэ-биологие кьэпщIытэныгъэхэр спортсменхэм драгъэкIуэкIащ», - кьихигъащащ Мутко Виталий.

БЭТОКЪУЭ Албэч.

● Футбол

«Химки» (Химки) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 2:0

Урысей Федерацэм футболымкIэ и премьер-лигэм щекIуэкI зэхьэзэхуэм нэхъ итIащ, пыгъуэ зыщыхьа Химки кьалэм щекIуэкIа зэIуцIэр апхуэдэ бжыгъэкIэ пухащ.

«Химкимрэ» «Спартак-Налшыкымрэ» я зэIущIэр зэрекIуэкIам теуха тхыгъэ ди газетым и кьыкIэльыкIэ кьыдэкIыгъуэм тетынущ.

ЖЫЛАСЭ Заур.

Урысейм и парашютистхэхэр аргуэру дунейм пашэ щы-хьуащ щIыху блыщI зыхэт гупу метр минитху зи льагагъ уэгум кьыдыл ирих.

Абыхэм кьэйхъуэIащ удз гъэгъа Iэрамэ дахащэу уэгум щызэхэувэн.

Урысейм емызэгъыу

Православнэ члисэр илъэс 1020-рэ зэрырикъуар ягъэлъэпIэн папщIэ дунейм и щIыпIэ псоми кьыкIуэр Киев щызэхуэс христан диным я и кьудамэм щыпхъэр.

Мы Iуэхур хэзгъэза хуэдэщ абыхэм я зэпыщIэныгъэр гъэбыдэным, арщхьэкIэ зэIущIэм щIимыдзэ щIыкIэ кьауагъэ кьэхьэщ. Вселенсэ щызэхуэс Варфоломей Киев и аэропортым щыжиIаэр зрыс патриархатым и мызакъуэу, Урысей псор зыгъэпнуду, дин кьэпсэхэр зэкIэщIэгъэкIыным хуэгъэзащ кьалъытащ.

Бадзэуэгъуэм и 26-м Киев кIэнущ Урысей псомрэ Москвэрэ я патриарх Алексий II.

ЯгъэкIуэн ядакьым

Аргуэру зы кьаугъэ, Украинэм щыщIауэ. Киев щадкьым УФ-м и Къэрал Думэм СНГ-м еплъэIа Iуэхуэхмкlэ и комитетым и унафэщIым и кьуэдзэ Затулин Константин Украинэм и щIыналъэм иригъэхьэ.

Депутатым Дзэ-тенджэз флотым и махуэр гъэлъэпIэным теухуа спорт зэхьэзэхуэхэм хэтыну теннис командэ Крымым ишэрт. ЩIамыгъакIуэм и щхьэусыгъуэр жаIэркым.

Аргуэру пашэщ

Урысейм и парашютистхэхэр аргуэру дунейм пашэ щы-

Бадзэуэгъуэм и 27, *тхьэмахуэ*

◆Дзэ-тенджэз флотым и махуэщ (1939).

◆КIДР-м щагъэлъапIэ 1950-1953 гъэхэм екIуэкIа Хэку щхьэхуитщIыжакIуэ зауэр щиуха махуэр.

◆1981 гъэм кьызэIуахащ Къэбэрдей-Балькъэр кьэрал мэкъумащ академиер.

◆Илъэси 105-рэ и пэкIэ кьалъхуащ театрымрэ киномрэ я актер, СССР-м и щыхуэб артист, Ленин саугъэтым и лауреат (1964), СССР-м и Къэрал саугъэтым тхуэнейр» и лауреат **Черкасов Николай**(1903 - 1966).

◆Мы махуэм (1841) Мэшыкьхуэ бгым и лъапэм зэрыпIыкIыну уIэгъэ кьыщытрадзащ урыс усакIуэшхуэ **Лермонтов Михаил.**

◆Илъэс 135-рэ и пэкIэ лIащ урыс усакIуэ икIи дипломат **Тютчев Федор** (1803 - 1873).

◆Дыгъэр кьыщIэкIынущ сыхьэти 5-рэ дакьикъэ 50-м, кьухьэжынущ сыхьэт 20-рэ дакьикъэ 38-м.

◆Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 14-рэ дакьикъэ 43-рэ.

Бадзэуэгъуэм и 28, *блыщIэ*

◆Перу Республикэм и лъэпкъ гуфIэгъуэщ - кьэралыр щхьэхуэ щыхьуа махуэщ (1821).

◆Илъэс 85-рэ и пэкIэ кьалъхуащ режиссер икIи актер, СССР-м и щIыхуэб артист **Басов Владимир** (1923 - 1987).

◆Дыгъэр кьыщIэкIынущ сыхьэти 5-рэ дакьикъэ 51-м, кьухьэжынущ сыхьэт 20-рэ дакьикъэ 36-м.

◆ Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 14-рэ дакьикъэ 45-рэ.

Пэнэпэр зыгъэхьэзырар ШАЛ Мухьэмэд.

Лъэпкъ Iуэщыгъэ:

ЩIым и нэпсыр и гъавэщ, щIыхуэм и нэмысыр и гуащIэщ.

● ТхылъыщIэ

фIым, дахагъэм ухуезыдж

Иджыблагъэ «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм кьыщыдэкIащ ди дэжьэгъу Тхьэмокьуэ Барэсбий и тхылъ. «ЩIыпIэгъуэ Iуащхьэмахуэ зэрыдэкIар» зи фIэщыгъэ тхылъыр зыхуэгъэзар сабийхэрщ.

ТХЫЛЪЫМ Iыхьищу зэпыудауэ кьыщыкьхьащ рассказхэр, таурыхъэр, иджырей псысэхэр. Дэтхэнэ зы тхыгъэми гъэсэныгъэ мыхьэнэ иIэщ, ущиныгъэ куу хэлъщ. Тхыльыр зи Iэдакьэщ1кIыр зи нэIуасэхэр абы кьыщеджэкIэ гу лъамытэнкIэ Iэмал иIэкьым цIыху щабэу, гуапэу щыт Барэсбий гъащIэм щиIэ еплъыкIэ куэдыр а тхыгъэхэм кьызэрыхэщыр икIи дэтхэнэ зыри фIым, дахагъэм укъыхуриджэу зэрыщытыр.

Псом хуэмыдэу гупсысэ куу ящIэлъщ иджырей псысэхэм. Абыхъэм тхакIуэм нобэ ди гъащIэм кьыщыхьу Iэхъугъуэхэр лъабжьэ яхуищIащ. Ахэр щIагъыбзэкIэ тхами, сабийхэм я дежкIэ гурыIуэгъуафIэу, дерс щхьэпхэр кьыхахьэфыну гъэпсащ.

ТХЬЭХУЩЫНЭ Iлан.

■ Зэ1ущIэхэр ■ Къэжал зауэ-300 ■ Лъэпкъ Iуэху

КЪЭБЭРДЕЙ

■ Футбол ■ Щэбэт кьыдэкIыуэ ■ Малъэдис

● Май куей

IэнатIэщIэхэр кьызэIуах

Италием и «Эмилио де Гранте» фирмэмрэ Май куейм щызэхэт «Александровская» агрофирмэмрэ зэгъусэу щызэлэджэну предприятэ кьызэIуахынущ.

МАЙ РАЙОНЫМ щаутIыпщыну IэнатIэщIэм Iэщ гъэхъуным ехьэлIа IуэхугъуэпсорикьызэщIеубыдэ. «Алекс-Итал» зыфIаща фирмэм япэ щIыкIэ зэригъэпэщынущ жэм лъэпкьыфIу зы мин. А бжыгъэ илъэсищым кьриубыдэу мини 3-м нэхъыя ягъэбгъуэнущ. Предприятэр елэжьынущ апхуэдиз Iэщым кьащIэкIыну гъэшым, лыхэкI зэмылIэужьыгъуэхэм. Фирмэхэм я лэжьыгъэр нэсу зэтеубла хьуа нэужь, ди республикэм щыпсэуэхэм щхьыныгъуэфIэр пэрыхьэту яIэ нущ, Май куейм и цIыху куэдми абы лэжьапIэ IэнатIэ щагъуэтынущ.

Къапщытэ

Май куейм и жылагъуэхэр зэщIэгъэкъабзэнымрэ щIыуэпсыр тэмэму кьагъэсэбэпыныкIэ кьызэрагъэпэща комиссэм хэтхэм Май кьалэм и Iэгъуэблагъэхэр кьызэхакIухьащ, пхъэнкIий идзыпIэхэм я щытыкIэр зрагъэльагъуащ.

МЫ ГЪЭМ кьызэрымыкIуэу бгъуэ удзыжьыр гъэкIуэдын хуейщ икIэщIыпIэкIэ, абыхъэм кьапихьыр щIыхуэхэм я узынщагъэм емыгуауэ щIыкIэ. Комиссэм мы гъэм япэу кьиныгъащ кьалэм пэмыжьыжьэу щыIэ хадэхэкI щIапIэхэр зэрызэрахьэ щIыкIэрэ. Къэпщытэныгъэхэм кьызэрагъэльагъэмкIэ, щIалэгъуэ кьэIэIызыха куэд кьабзагъэм зыкIи еIалIэркъым: кьыбыстэ, нащэ бгъуэ зытет хьэсэхэр зэщIэкIащ, пхъэнкIий идзыпIэхэм дэи ущрохьэлIэ. Комиссэм сэр апхуэдэхэм Iэрет-хьэкъунумкIэ хьыбар яригъэщIащ.

ШЭРЭДЖ Дис.

● Футбол

«Химки» (Химки) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 2:0

Урысей Федерацэм футболымкIэ и премьер-лигэм щекIуэкI зэхьэзэхуэм нэхъ итIащ, пыгъуэ зыщыхьа Химки кьалэм щекIуэкIа зэIущIэр апхуэдэ бжыгъэкIэ пухащ.

«Химкимрэ» «Спартак-Налшыкымрэ» я зэIущIэр зэрекIуэкIам теуха тхыгъэ ди газетым и кьыкIэльыкIэ кьыдэкIыгъуэм тетынущ.

ЖЫЛАСЭ Заур.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

● Пресс-конференцхэр

Къалэн нэхъыщхьэ

«Къэббалъкъэнерго» ОАО-м илъэс ныкъуэм илэжьамрэ дяпэкIэ къыпэщыт къалэнхэмрэ» - араш зытеухуауэ щытар иджыблагъэ зэхэта пресс-конференцыр.

АКЦИОНЕР обществэ зэIухам и управляющэ директор **Циканов Арсенрэ** абы и къуэдзэ **Къэнэмэт МуIэедрэ** журналистхэм ягу къагъэкIыжащ бадзэуэгъуэм и 1-м «Урысейм и энергосистемэзэгуэт» Iэхуэщ1апIэр зэрызэхуащIыжар. Абы пыщIа зэхъуэкIыныгъэхэм я гугъу щащIым, къэпсэлъахэм къагъэлъэгъуащ иджы ар унэтIынигъитIым тещIыхьа Iэнатlэу зэрыщыгъур. Мы1ыку нэхъыщхьэ псори дяпэкIэ къэралым Iэщ1эпхыщ.

Мы гъэм мэлыжьыкъуэм и 1 лъандэрэ «Къэббалъкъэнерго» ОАО-м и лэжьыгъэр еунэтI «Кавказ Ищхьэрэм щIыналъэхэм я зэхуэдэ зыгуэш сеть комплекс» (МРСК СК) акционер обществэ зэIухам. «Къэббалъкъэнерго»-м къызэрегъэпэщ республикэм электрокъарур зэпымыуэу къыIэрыхьэнэр. Нобэ ар тэмэму зызыужь, зэпIэзэрыту лажьэ, иджырей технологиегъэр Iэрыкъуэу къэзэгъэсэфэн компаниещ. «Къэббалъкъэнерго» ОАО-м республикэрэ зэгурыIуэныгъэ зыхуиIэ Iэнатlэ пыухыкIахэри электрокъарукIэ ирикъуу къэхъурегъэпэщ, щIыналъэм и экономикэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ хуеиI», - къагъэлъэгъуащ къэпсэлъахэм.

Абыхэм зэрыжаIэмкIэ, мазихым электрокъаруэу сом мелуан 955-рэ мин 669-рэ и уасэ ящащ, токыр зэрызэпсэфэнхэм я дебиторэу щIыхуэр сом мелуаным 130-кIэ ягъэмэщIащ.

«КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсенрэ «МРСК СК» ОАО-м и унафэщI Китов Магомедрэ зэхуэсэ ящыжьа, «Налышь и электросетхэр» акционер обществэ зэIухам и щIыхуэу сом мелуани 159-м нэблагъэ зытрагъэкIыжащ.

ЗэрызэгурыIуам тету, дяпэкIэ «МРСК СК»-м республикэм токыр езыт и Iэнатlэхэр иригъэфIэкIынущ, Къэбардей-Балъкъэрым и Правительствэм бюджет Iэхуащ1апIэхэм къабгъэсэбэн электрокъарум и уасэр и чэзум ятыныр къызэрыгъэпэщынущ. Абы и фIыгъэкIэ, илъэсым зэрыщIидзэрэ уасэхэр зэблэмыууэ къыхах, ауэ щыщIэныгъэхэри щыIэщ. Къапщтэмэ, Шэджэм районым и бюджет организацэхэм сом зы мелуаным щIигъу, Тырныауз и «Коммунальник» предприятэм сом мелуан 1,8-м нэблагъэ щIыхуэу ятелъщ.

Прохладнэ къалэм и «Энергосбытыт компание» ОАО-м мэлыжьыхь мазэ лъандэрэ зэгурыIуэныгъэм щыубзыхуаэхэр игъэзащIэркъым, щIэрыщIэу къызэрагъэпэщыжа «Налышькъэнергосбыт» ООО-мк1э ар къызэпеуд.

Нобэ ди къалэн нэхъыщхьэ а лъэпощхьапэхэр къызэнэкIыныращ, зэредгъэжьам тету республикэр электрокъарукIэ тэмэму къызэдгъэпэщынырщ», - къыхигъэщащ Циканов Арсен.

УЭРЗЭЙ Рашид.

● Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ - Израиль

Сыадыгэу щытамэ, Къэбэрдеим сыщыпсэунт

Леви ШЛОМО:

***Израильм ис ди лъэпкъэгъуэгъэр щыпсэу адыгэ къуэжитыр - Рихьэннерэ Кфар-Камэрэ - зыхиубыдэ Галилее Ищхьэрэм и тхьэмадэ Леви Шломо я гъусэщ мы махуэхэм ди республикэм щыкъэшIэхэм. Шломо адыгэхэр фIыуэ зэрилъагъур, «Іуащхьэмахуэ» къэфакIуэ гупым мылъкукIэ щIэгъэкъуэныщхьуэ зэрыхуэхъур хуэдиз1аш а къэралым щыхэхэс адыгэхэм. Рихьэннерэ Кфар-Камэрэ я псэуклэм, журтхэмрэ адыгэхэмрэ я зэхуакъу дэлъ зэхущытыкIэм теухуауэ езым и гупсысэхэм зыщыдгъэгъуэзэн мурадкIэ упщIэ зыбжанэкIэ зыхуэдгъэзащ.**

- ШЛОМО, уэрэн зэрызэхэпхащ, ди лъэпкъэгъуэхэм къыджаIащ тыншу, зыхуей хуэзэу зыхэс лъэпкъхэм къаззэрыдекIуэкIыр. Израильм адыгэхэм къыщыхуащI пщIэм, абыхэм я дуней тетыкIэр, къызэрыфщыхьхъуам уэ утегъэпсэпхьыныт.

- СызэрепльымкIэ, абыхэм жаIаехэм пцIы гуэри хэлъкъым икIи журтхэм губгъэн къыхуамыщIын щхьэкIэ фIыуэ яIуатэу аракъым. Сыт щхьэжаIэ жыпIэмэ, ахэр зытес щIыр, къуажэр сэ си унафэ щIэт адрей хьылэхэм, журтхэр зыдэсхэм, нэхърэ зыкIи нэхъыкIэкъым, мынэхъыбIмэ. Гуныкъуэгъуэ зэрамыIэныем, я жагъуэ зэрыдмышIыным дыпыпIу апхуэдизу. Абыхэм хэхэсу зыкъыамылъытэн щхьэкIэ, тлъэкI гуэри къэдгъанэрэкъым.

Адыгэхэр къулыкъу зэхуэмыдэ куэдым пэрытщ, псом хуэмыдэу хабзэхъумэ Іэнатlэхэм, дзэм, полицием хэтщ. Ар фIыуэ къохъулIэ фи лъэпкъэгъуэхэм. Апхуэдэщ я бзылъхугъэхэри, Іэдзбу, щабэу зэрыщытым къыхэкIыу абыхэм ящыщ куэд ди сабий гъэсапIэхэм, курыт еджапIэхэм щопажэ.

Ди куейм (Галилее Ищхьэрэм) къуажэ 24-рэ къызэщIеуфыдз, абыхэм ящыщ Рихьэнерэ Кфар-Камэрэ. СыткIэ къащхьэщыкIэр адрей жылэхэм жыпIэмэ я къабзагъкIэ, уэрамкэр, гъэгуэкэр зэрызэрахьэмкIэ къащхьэщокI.

Израильм адыгэу исыр мащIэ дыдэщ, ауэ куэдым къащIыкъ. Сыту жыпIэмэ, езыхэр куэд мыхъуми, хабзэ дахэу яхэлъыр бэ дыдэщ. Абыхэм зэи укъагъэпцIэнукъым, лей къыуахынукъым икIи хабзэ дахэ къыкIэлъыкIэзэрахьэнущ. Ахэр журтхэм къахоущ, псом япэрауэ, я хабзэмкIэ, я зыбыгъыкIэ екIуукIэ, я кьабзэгъыммкIэ.

- Ди лъэпкъэгъуэхэм ураГъусэу укъыщэрыкIуам дрогуфIэ. Дауэ къыпщыхъурэ адыгэхэм я адэжь хэкум?

- Си нэкIэ слъагъур си фIэщ мыхъуу зыщыщэплъыхь мы махуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым. ИкъукIэ щIыпIэ зыкъизыих фисщ. Іуащхьэмахуэ лъапэ зэрыгъуэзэджэр зэхъэзох, абы щэбэт махуэм дашэнущ, ауэ иджыри къэс тлъэгъуахэр нэм зызыщIмыгъэнщ дахагъэщ.

А псоми нэхъ бей ящIу къыщIэкIынщ мыбы щыпсэхуэ. Сыту гу къабзэ, псэ зэIуха яIэ адыгэхэм! Сызигъуэз гупым я гур щIыхэхъуэн Іуэхугъуэ куэдкIэ къахэуупсащ ахэр, уебламэ хэкужьым щагъэкIуэ махуэхэм къаирт дрэжэгъуэр апхуэдизкIэ инщи, дамэ къатекIауэ къысфIощI. Ар зи фIыщIэр гуапэу дыкъезыгъэблагъэ, КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсенщ, Минеод аэропортрэ деж къыщытIущIауэ сытым дежи тщыгъу Хьэфыщыр Мухьэмэдрэ (Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ) Пащты Борисрэ (КъБР-м ЩIалэгъуалэ Іуэхугъэмрэ жылагъэ зэгухьэныгъэхэмкIэ и къэрал комитетым и унафэщI), Налышь кьалэ, Шэджэм, Дзэлыкъуэ куейм я цIыху тельыджэхэрщ.

КъыхэгъащIыпхъэу сыкъыщэкIынщ, журтхэмрэ адыгэхэмрэ я зэхуаку зэгурыIуэныгъэ дэлъу лIэщIыгъуэ бжыгъэ хъуауэ къызэрызэдекIуэкIыр. «Мыр адыгэщи, иужь кьидгъэнэнщ», - жызыIэ урихьэлIэныкъым. Апхуэдизу къаззэрыхуцIытыр къэзыIэпэжьыжьыр езыхэращ. Адыгэхэм пщIэ яхуэщIын зэрыхуейр къыщюжьэ хамэ щIыпIэм я бзэмрэ щэнхабзэмрэ зэрыщацъумэфам, я адэжьхэм къащIэна къэзпшыпхэм щыщ иджыри къыздэсым зэрызэрахьэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щытлъэгъуам, зи хэку исыж адыгэхэр къызэрытIущIам, я лъэпкъэгъуэм я гуапэ зэращIам си ныбжьэгъуэм, ди лъэхэм исхэм яхуэсщI пщIэр нэхъри къиIэтащ.

Епсэлъар
НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ.

«Іуащхьэмахуэ», «Бгырыс цыкIу», «Ислъэмей» ансамблхэм ята концертыр щнух дакъыкъэм.

Адэжь хэкум и зы махуэ

Рихьэнне къикIа ди лъэпкъэгъуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъакIуэ тхьэмахуэр программэ щхьэхуэм тету ётуакIуэкI. БлэкIа махуэхэм Налышь кьалэ и щIыпIэ дахэхэр къызэрапльыхьам. «Сосрыкъуэ» рестораным щыхъ дахэ зэрыщекIуэкIам, Шэджэм районым концерт зэрыщатам, Шэджэм псыкъеплъэхэм я нэгу зэрыщызэрагъэуцуам, Абхъазым и утым щекIуэкIа джэгум къызэрыщыгуджам теухуауэ ныжьыщIэхэмк1э абыхэм я гъусэ балигъхэмк1э кьарита дрэжэгъуэр къыщхуэмыгъытэным хуэдизщ.

АПХУЭДЭ гурыщIэ Іэфкlэ гъэнщIауэ щыIаш Дзэлыкъуэ куейм щагъэкIуа зы махуэрэ. Малкэ кьуажэм дэт «Пшэпльэ пльыжьхэр» сабий лагерым хьэщIэ кьаззэрыхуэкIуэнум пасэу зыкуагъэхьэзырат. Абы и пщIантlэхэр гъэщIэрэщIат, зыщызыгъэпсэку щыкIухэри нэжэгужэт. Израильм кьикIа ди лъэпкъэгъуэхэм, КъБР-м щIалэгъуалэ Іуэхуэмрэ жылагъэ зэгухьэныгъэхэмкIэ и къэрал комитетым и унафэщI **Пащты Борисрэ**Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Хьэфыщ1э Мухьэмэдрэ** кьапежьащ Дзэлыкъуэ районадминистрацэм и тхьэмадэ **Щэт Мэрэйбат,** абы и яп1э къуэдзэ **Зэкъуерей Алий,** Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ район кьудамэм и унафэщI **Нэгумэ Лейла,** Щэнхабзэмкlэ кьудамэм и унафэщI **Кьалэ Хьызыр,** Малкэ къуажэ администрацэм и Іэтащхьэ **Вэркъуэ Арсен,** сабий лагерым и тхьэмадэ **Куэдэ Асланбий** сымэ.

Хьэщ1э кьаззэрыхуэкIуэр махуэ яхуэхъуну, адыгэ псомиятэ зэпыщIэныгъэхэм нэхъри зиубгъуну хъуэхъуэ нэжьжь, лагерым щыIэ щыкIуэхэм я псэуклэр ирагъэхьэгъуащ. Сабийхэм зыщагъэпсэку, щышхэ, дохутыр кьащыкIэпльыпIэ, кьэщыщфэпэшхэр яригъэльъагъуурэ кьэщIрищэкIым, Асльэнбий жиIащ гъэмахуэ мазищым пIаты 3-4-уэ зэщхьэщыхьауэ зэрыплажьэр, зы пIаты сабийм 130-м щIигъу кьызэрагъэблагъэр. Лагерым щыIэ щыкIуэхэм я кьэфэкIэр, уэрэд жыIэкIэр, спортым дихьэх щIалэгъуалэр адыгэ джэгукIэхэмкIэ зэрыгъэпсэу. НэгъуэщI куэдми щалъэгъуащ абы «Іуащхьэмахуэ» ансамблым хэтхэм.

Дзэлыкъуэ куейм и хьэщIэхэр адэкIэ ирагъэблагъащ Приречный кьуажэ щыкIуэм дэт щы гъэжьгъэ. Абы щы 200 щаIыгъщ, ауэ нэхъыбэр Къущхьэхъуэ зэрыщыIэр, иджыпсту щIэтхэр зэпеуэхэм хагъэт щыхэр зэрыгъаер кьаждгъащIащ **Быф Мэчрэ1ат.** Мыгувэу Урысейм щекIуэкIыну зэхъэзэхуэм хэтыну ягъэжьэщIа адыгэш кьабзэр кьыщыщIащам хэщIэжэм яфIэтъэщIауэ зэпапльыхьащ. Икlи щым уанэ тралъхъэри, щIалэ щыкIуэр, уеблэмэ зы пщащи щым щэсащ.

Дзэлыкъуэ куейм и артист ныбжьыщIэхэм Израильм кьикIа адыгэхэр къыгъэблагъэ.

Адэжь ди лъэпкъэгъуэхэм ирагъэльъагъуащ узыфэ я куэдым я хущхьэуэгъуэ ятIэр къызыхах Тамбуканэ гуэлыр. Абы яхутепсэльхьащ «Бивитекс» ООО-м и тхьэмадэ **Къэрэгъуэ Хьусен.**

Кьэбэрдей-Балъкъэрым и гъунапкъэм дежи нIэ гуэл абрагъуэр хуабжьу гъэщIэгъуэн ящыхъуащ ди лъэпкъэгъуэм.

Дзэлыкъуэкъуажэ дэт Щэнхабзэмкlэ унэм ирагъэблагъэн и пэ кьихуэу хьэщIэхэр адыгэ шхынигъуэхэмкIэ игъэфIащ.

Дапэу екIуэкIащ Израильм кьикIа Іуащхьэмахуэ къэфакIуэ ансамблымрэ Дзэлыкъуэ куейм и «Бгырыс цыкIу» къэфакIуэ гупымрэ зэгъусэу кьызэрагъэпэща концертыр. Хьэфыщ1э Мухьэмэдэ и гъусэу утыкум кьиыхьахэм фIэхъуэ псалъэкIэ зыхуагъэзащ адыгэ жылэм нэхъ Израильм щыIэ адыгэ кьуажитIым гъащIэр зэрыщекIуэкIыр, хэхэс адыгэхэм я щыIэкIэ-псэукIэр бысымэхэм кIэщIу яхуиIэтащ Рихьэнне кьуажэм итъэс 20-кIэ и тхьэмадэу гъжьа Пьыш Мамдухь. Концертыр кьызэIахащ «Іуащхьэмахуэ» гупым игъэзэщIа абхъаз кьафэмкIэ. Абыхэм бысым куейм и кьэфакIуэхэмэ Іэгуаузэхуэ хуаIэтащ. Дзэлыкъуэкъуажэдэсхэм ягъэщIагъэрт хамэ щIыпIэ кьыщихъу цыкIухэм я кьэфэкIэр, гушхуаеу утыку зэритыр; абы щыIэныгъэ я нэпсхэр кьафекIуэу егупсысыкIэ зауаем хамэ щIыпIэхэм ирипхъа адыгэхэм нобэр кьызэдсым зэрызахъумам, я лъэпкъ хабзэр, анэдэлъхьу.Бзэр зэращIымыгъупщам. ЗэIуащIэр ягъэджащ районым и «Ислъэмей», «Арт-Синдикат» уэрэджыкIуэ гупхэм. Кьызэхуэсаэм адыгэ уэрэдыжьхэр яжриIащ Къущхьэ Светланэ.

ЗэIущIэм кьрихьэлIа псомиар зэкъошэным щхьэусыгъуэ хуэхъуа хьэщ1э лъапIэхэми фIыщIэ яхунущ кьэпсэльапIэщIа Дзэлыкъуэ районым и унафэщIым и кьуэдзэ Зэкъуерей Алий. Абы жиIащ хамэ щыпIэм кьикIыуэ адыгэхэр зэкъужьым кьэIэпхъуэжьым, иэгъэщI щыхъуми лъагъунлъагъу нэхъыбэрэ кьэкIуэным щыхьэнэщхъу зэриIэр. Дяпэкlи нэхъыбэрэ зэкIэлъыкIуэну зэригугъэр, зэгъэсу зы щIыгу зэдисыжыныр адыгэ псомиятэ хъуэпсапIэу зэрыщыщIыр кьыхинэщащ Зэкlуерейм.

ШЫПIШ Данэху.

«Къэбэрдей щы заводым» щагъдийхэр щрагъэтъагъу.

Леви Шломо махъсымэкIэ фIэхъус жраIэ.
Сурэтхэр **IУТЫЖ Мэжид** *трихащ.*

Хьэщ1эхэм «Пшэпльэ пльыжьхэр» лагерым зыщапльыхь.

Тамбукъан гуэлым деж.

● Щ1алэгъуалэ зэпеуэ

Ещанэуи къыхагъащIэ

«Химкэ» (Химки) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 2:1 (0:1). Бадзэуэгъуэм и 24-м, Химки, «Новые химки» стадион. Щыуз 200 еплъащ.

Сульар Кривопалов (Иваново).

«Химкэ»: Сулеймановрэ (Чудайевич, 46), Шомуроврэ, Ватазиврэ (Ибрагимов, 55), Першин (Тимофеев, 46), Головатенкэ, Радьковрэ, Плотэ (Волков, 78), Вавиловрэ, Овсов (Трюхан, 83), Алексееврэ (Мамонов, 66), Байрамов (Акилов, 56).

«Спартак-Налшык»: Щоджэн, Соблыр, Васин (Шэрий, 46), Шумейкэ, Зрум, Карауш (Патяк, 46), Степанов, Кьумыкъу (Захаров, 46), Бикмаев, Гъубж (Кьуэныхъ, 74), Кьэжэр.

Топхэр дагъэкIащ Степанов, 5 (0:1). Алексеев - пенальтикIэ, 25 (1:1). Алексеев, 45 (2:1).

Дагъуэ хуащIащ Степановым, Зрумым, Овсовым, Кьуэныхъым.

ЩIалэгъуалэ зэпеуэ хэтауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэухэр къыщодгъэблагъэ Хьэуа-десант дзэм и махуэр щыщIыхьэIуи и 2-м зэрагъэлъэпIэнум хэтын папщIэ.

ГуфIэгъуэ даузадапщэхэр Абхъазым и утым щрагъэкIуэкIынущ. Десантым и ветеранхэм а махуэм ящыгъынур берет удзыфэхэмрэ тельняшкэхэмрэщ.

Гуфlэгъуэм хэтынухэр Мафlэ Мыужьыкым и дежь сыхьэти 10-м щызэхуэсынущ.

Фыщ1эупщ1э хъунущ 77-84-40 (КъБР-м ЩIалэгъуалэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ я Іуэхуэмкlэ комитет), 42-57-19 (Афганистаным щекIуэкIа зауэм и ветеранхэм я махуэм ящыгъынур зэрыщыгъуэ).

ЩIалэгъуалэ зэпеуэ

Мазих лэжьыгъэм ироплъэж

КъБР-м щыIэ МВД-м ГИБДД-мкIэ и Управлением щызэхэлъхьэжащ дызэрыт илъэсым и пIэ мазихым плъжьаIэр. Зэ1уащIэм хэтащ къэрал къуэдзэ Іуэхуэхэмкlэ министрым и къуэдзэ, жылагъуэ щынагъуэнщагъэмкIэ милицием и унафэщI Касумов Сергей.

АБЫ ДОКЛАД щищIащ УГИБДД-м кIэлъыплъымыгъэмкIэ и къудамэм и унафэщIым и къуэдзэ милицием и подполковник **Къьуэтепыхъэ Владимир.**

2008 гъэм и яп1э мазихым республикэм гъэугу насыпынащагъэу 307-рэ щатхащ, абыхэм щыIэу 84-рэ хэкIуадащ, 401-м фэбжь хахащ. Нэгъабэ и анэдэдэ лъэхъэнэм еплъитмэ, аварийеу кьэхъур процентыр 6,4-кIэ, щIыхуу хэкIуадэр процентыр 2,3-кIэ, фэбжь хэзыхэр - 4,5-кIэ нэхъ мащIэ хъуащ. Щытыкlэр нэхъ щыгугъуэщ Іуащхьэмахуэ куейм. Абы аварийеу кьыщыхур процент 11,1-кIэ, хэкIуадэхэр процентыр 6,7-кIэ, фэбжь зыгъэтхэр процент 62,5-кIэ нэхъыбэ щыхъуащ, - къыгъэлъэгъуащ къэпсальэм.

Гъэугу насыпынащагъэхэр нэхъ мащIэ щыхъуащ Налшык кьалэ округым, Шэджэм, Поскэн, Тэрч, Май, Прохладнэ муниципальнэ районхэм.

Аварийехэм я процент 83-м щIигъур рулым дэсхэм гъэугум зэрыщыгъэкIуэ хабзэр къызэрыгъэлъагъам кьырикIуащ. Шоферхэм я зэранкIэ къэхъуащ гъэугу насыпынащагъэ 118-рэ щыщIыхъуащ, абыхэм щIыху 39-рэ хэкIуадащ, 183-м фэбжь хахащ. ЩIыхуэ гъэугуэ зэрыщыгъуэм хэтыр процент 62,5-кIэ щыхъуащ. Ар ирагъэзэщIа, Іэгуаузэ зэрыщыгъуэм кумбхэр зэрилэжьащ, асфальтыр нэщIысауэ зэрыгъэрамыльхьэрщ, тэмэму къызэрамыгъэнэхурщ, Іэгуаузэр и бзэгуанэу щыIэм хуейм кьызэримыIасэрщ, нэгъуэщIхэрщ.

А щIэхъуэсурыгъэхэм я зэранкIэ нэхъ мащIэ щыхъуащ Налшык кьалэ округым, Шэджэм, Поскэн, Тэрч, Май, Прохладнэ муниципальнэ районхэм щыIэныгъэ зэрыщыгъуэм ятеухуауэ юридическэ Іэнатlэхэмрэ къулыкъущIэ щIэхъуэхэмрэ зыхуэфащэ тхыльэ 1623-рэ Іэрагъэхьащ. Къэрал автоинспекцэм хабзэм ипкъ иткIэ яхуигъэльэгъуахэр и чэзум зэрамыгъэзащIам къыхэкIыу административнэ хъунащагъэ зэралэжьам теухуа Іуэху 93-рэ кьаIэтащ. Абыхэм хэпльэри, гъэугуэхэм, гъущ Іуэгу зэпрыкIыпIэхэм сэкъат зэрырагъэгъуэтам, щIэзэрагъэпэщыжьам хабзэм зэрытемытам, нэгъуэщIхэми къыхэкIыу административнэ жэуапым ирагъэлIащ Іыху 90.

Зриплъэжа мазихым кьуиубыдэу республикэ МВД-м и Къэрал автоинспекцэм и лэжьакIуэхэм щIэпхъаджагъэу 170-рэ къыщIагъэщащ.

Министрым и Іуэдзэ Касумов Сергей къыхигъэщащ иджырей зэманым ГИБДД-м и лэжьакIуэхэм я щынагъуэм щагъэр къыздэсым гульытэ нэхъыбэ хуэщIын зэрыхуейр.

Зэ1уащIэр Іуэху гуапэкIэ ихащ. Къыхэжаныкъэ Іуащхьэмахуэ зэхуакум зэхуакум кьриубыдэу кьагъэтащ шофёр тхьытIу 4, транспортым и паспорту 2, ВАЗ-21104 автомашинэр.

Аварийр я зэранкIэ къэхъуа нэхъ зызыгъэпэщIыжкIэ къаубыдащ ГАЗ-3110, БМВ, Фольксваген автомашинэхэр зезыгъакIуэ напшыкIэсищ.

Бадзэуэгъуэм и 16-м Налшык кьалэм щыIэ УВД-м и ОГИБДД-м и лэжьакIуэхэм Головко и уэрамым ятет «Гидромет» заводым и Іашэльашэм кьыщIагъэтащ зэхъэпэм ирахуэжьауэ щыта ВАЗ-2109 автомашинэр.

ШЫФЭКЪУЖ Санэ.

Тхьэмахуэ зэхуакум

Бадзэуэгъуэм и 14 - 20-хэм республикэм гъэугу насыпынащагъэу 21-рэ щыхъуащ, абыхэм щыхуи 6 хэкIуадащ, 28-м фэбжь хахащ.

ВАЗ-21093-Э М и 15-м сыхьэт 21-рэ дакъыкIи 10-м, ВАЗ-21053-м автомашинэр зезыгъакIуэр, «Форсаж» такси Іуэхущ1апIэм и лэжьакIуэр, Къэрэгъэщ къуажэм щыпсэур, Прохладнэ кьалэм Ленинм и цIэкIэ щыIэ уэрамым тету здэкIуэм, лъэс зэпрыкIыпIэм деж щыжьэхъущ илъэсэ 9 и ныбжь щIалэ щIыкIуэм. Нужьрейр фэбжь тельу сымаджэщым яшащ.

Регистращэ Іуэхуэр щызэфIагъэкIым, ГИБДД-м автотранспортыр тхъныжьмкIэ, экзаменхэр кьеIыхьныжьмкIэ и къудамэм кьыщIэгъащ, зи агрегатхэм тетын хуейхэр зэхъуэжьа зы автомашинэ.

Кьалъхьуэхъэм ящыщу тхьэмахуэ зэхуакум кьриубыдэу кьагъэтащ шофёр тхьытIу 4, транспортым и паспорту 2, ВАЗ-21104 автомашинэр.

Аварийр я зэранкIэ къэхъуа нэхъ зызыгъэпэщIыжкIэ къаубыдащ ГАЗ-3110, БМВ, Фольксваген автомашинэхэр зезыгъакIуэ напшыкIэсищ.

Бадзэуэгъуэм и 16-м Налшык кьалэм щыIэ УВД-м и ОГИБДД-м и лэжьакIуэхэм Головко и уэрамым ятет «Гидромет» заводым и Іашэльашэм кьыщIагъэтащ зэхъэпэм ирахуэжьауэ щыта ВАЗ-2109 автомашинэр.

ШЫФЭКЪУЖ Санэ.

КъБР-м и МВД-м и ГИБДД-м

ДУНЕЙМ И ЕЯНЭ ЧЕМПИОНКЭ ПОЛГАР ЖУЖЭ

Мы бзылъхугъэр дуней псом щыIэрыIуэ нэмэр (венгерск) Полгар зэщыпхъухэм (ахэр щы мэхъу) я нэхъыщхьэ, 1966 гъэм кьалъхуащ. Тельыджэ кьэд кьигъэльэгъуащ Жужэ. Абыхэм ящыщу рекордхэр зратхэ Гиннесс тхылъым плIэнейрэ зэрихуар.

ЯПЭРАУЭ, джэгукIэм кьыщIиха ахьшэ псори езыр зэпымыуэу зэщыпсэу США-м щахматым зэщегъэужьыным и Іуэхум хилъхьащ. Апхуэдэу рекорд игъэуващ езым и закъуэ зэдэжьэгу цыхуэхэм я куэдгъыммкIэ. Зэгуэр 326-м зэуэ ядэджэгуати, партие 309-р кьихьэхуащ, 14-р зэрытемыгъакIуэу иухащ, фIахьэхуар щы кьудейщ.

Полгарыр зэкIэлъыкIуэу иригъэкIуэкIа партиехэм я куэдзэлъымкIи кьыхэжаныкIащ. Сыхьэт 17-м ар партие 1131-м щыджэгуащ, сеансхэм я процент 96,93-р кьихьэ хуу.

Мис апхуэдэ рекордиплIым иригушэу я хьунущ Жужэ.

Ауэ нэгъуэщI зэрэфIкIи иIэщ: гроссистер цIэр фIащащ нужь, араш цыхьэу шахматист лъэщхэм япэу ядэджэгун щIэзыдзар. АрщхьэкIэ мыбдеж льаганIэм зэрыщыльэмыIэсыфынур кьыгурыIуэри, цыхьэ шахматым зритыжащ. 90 гъэхэм я зэхуэдитым ар адрей шахматисткэхэм зэрефIэкIыр нэрылъагъут. Чибурданидзе Майерэ Се Цзюнрэ зэтекIуа нэужь, 1996 гъэм Полгар дунейм и еянэ чемпионкэ хьуащ. Адэкlэ кьэхъуар гурыIуэгъуэкъым. Сыт хъуэу щымытами, Жужэ и тетыгъэр фIэкIуэдащ ар нэхъыжьым щIэжьам(эу (езым жеIэ абыкIэ хуитыныгъэр трахауэ). Ауэ ар абы и жагъуэ дыдэ хьуауэ фэ теткъым. Полгар и унагъэр хьуэпсэгъуэщ, Нью-Йорк шахмат школ щиIэщ. Сыт нэгъуэщI зыхуейр?

Нужьрей текIуэныгъэр Жужэ кьыщIихьащ Лозаннэ и Олимп судым. Арбитражым ФИДЕ-м кьалэн щищIащ езым и тетыгъэр ихьымэну иIа Іэмалым зэрыпагъэкIам кьыхэкIыу абы ахьшэ иритыну. Зэкlэ ар зыхуэдизыр яубыхуакъым.

Иджы и кьекIуэныкIам техуауэ псалъэ зытIущ. Абы и адэр шахмат мастеру щыташ, езыр зыгъэсар гроссмейстер Сабэщ, зэрысабийрэ зэпеуэхэм хэтщ икIи абыхэм текIуэныгъэ куэд дыдэ кьыщIихьащ.

Адрей и щыпхуэхэр и гъусэу шахмат олимпиадэхэм (Элиста, 1988, Истамбул, 1990) щытекIуащ. Езым кьыкIэлъыкIуэ и щыпхуэ Юдит цыхуэз зэзэгъэхуэхэм я щIэныгъэ щIэрыпсэцIыкIым. Ар тутыку зэрихьэрэ щыджэгур цыхуэхъу зэхъэзэхуэхэр икIи ечэлIэныгъэшхуэхэр и Іэпэгъэщ. Ар ящыщу цыхухъуэхэм я деж щыгроссмейстер тхьэщ дыдэу щыIэм.

МАХЪШОКЪУЭ Мухьэмэд.

Премьер-лигэм хэт командхэм я щIалэгъуалэ гупхэр зэрызэдэджэгуам къырикIуар

Командхэр	Дж.	Кь.	З.	ФI	Т.	О.
1. «Спартак»	**14**	**11**	**3**	**0**	**40-15**	**36**
2. «Москва»	**14**	**10**	**2**	**2**	**32-15**	**32**
3. «Локомотив»	**14**	**9**	**3**	**2**	**39-17**	**29**
4. ЦСКА	14	7	5	2	27-15	26
5. «Сатурн»	14	8	2	4	33-25	23
6. «Химки»	15	6	4	5	22-21	22
7. «Динамо»	14	5	4	5	19-19	19
8. «Спартак-Налшык»	**15**	**5**	**2**	**8**	**23-30**	**17**
9. «Крылья Советов»	14	4	4	6	18-23	16
10. «Рубин»	14	4	4	6	19-27	16
11. «Зенит»	13	4	4	5	15-16	15
12. «Луч-Энергия»	14	3	3	8	15-24	12
13. «Томь»	14	3	2	9	14-28	12
14. «Амкар»	14	2	5	7	14-21	11
15. «Тэрч»	**13**	**1**	**5**	**7**	**12-27**	**8**
16. «Шинник»	**14**	**1**	**4**	**9**	**12-31**	**7**

● Гу зылъытапхъэ

Десант дзэм

хэтауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэухэр къыщодгъэблагъэ Хьэуа-десант дзэм и махуэр щыщIыхьэIуи и 2-м зэрагъэлъэпIэнум хэтын папщIэ.

ГуфIэгъуэ даузадапщэхэр Абхъазым и утым щрагъэкIуэкIынущ. Десантым и ветеранхэм а махуэм ящыгъынур берет удзыфэхэмрэ тельняшкэхэмрэщ.

Гуфlэгъуэм хэтынухэр Мафlэ Мыужьыкым и дежь сыхьэти 10-м щызэхуэсынущ.

Фыщ1эупщ1э хъунущ 77-84-40 (КъБР-м ЩIалэгъуалэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ я Іуэхуэмкlэ комитет), 42-57-19 (Афганистаным щекIуэкIа зауэм и ветеранхэм я махуэм ящыгъынур).

ЩIалэгъуалэ зэпеуэ

Къэбэрдеймрэ и хуитыныгъэм папщІэ

● Къэнжал зауэ-300

КЫрым хъаныр и дзэр щыз-эхакъуІэ Къэбэрдей-Кырым зауэм (1707-1708) увыІэпэм щеубыд Къэбэрдеймрэ Кавказ Ищхъэрэмрэ и тхыдэм. А зауэр Къэбэрдейм зэрыщекІуэкІамрэ кырымыдзэр абы зэрыщызэхэкъутамрэ ЩІэныгъэм и тыгъэ хуэдизыр кІэрыкІуэ XVIII-XIX лІэщІыгъуэхэм псэуа тхыдэтхэхэм, псальэм папщІэ, нэмыщІ философ Кемпфер Энгельбер т, франджыуэрэ Мотрэ Дорэ де ла итэль ян Гаванн Кэверио, урыс офицер Гербер Иоганн Густав, урыс академик Паллас Петр Симон, нэмыщІ Валкерберг Молдавием и пэщІэ лэжьакІуэ Кантемир Дмитрий, Броневский Семен, Смирнов В. Д., Нэгумэ Шорэ, Кьудаш ЕлЬэзэдыкъуэ сымэ, нэгъуэщІхэми. Зи гугъу тщІы Іуэхугъуэм тетхыхьауэ ди щІэныгъэлІхэри - Сокъур Валерий, Іыгъ уэри Рэшад, Дзэмыхъ Къасбогъэт, Мэлбахъуэ Борис сымэ. Къэбэрдей-кырым зауэм и хьыбархэм уашрохьэлІэ Кавказ Ищхъэрэм тс лъэпкъхэм я тхыдэм теухуа тыгъэ пІащэ зыбжанэми («Очерки истории Адыгеи». Т.І. Майкоп, 1957; «Очерки истории Карачаево-Черкесии с древнейших времен до Великой Октябрьской социалистической революции. І. Ставрополь, 1967; «История Кабардино-Балкарской АССР с древнейших времен до наших дней». М., 1967; «История народов Северного Кавказа с древнейших времен до конца XVIII в.». М., 1988).

Къэбэрдеймрэ Кырымымрэ яку дэлъа зэхущытыкІэхэм я гугъу щащІкІэ, нобэр кырымдэсым щыуагъэхэр щалэщІэкІыр машІэкъым - е Іуэхум и пэжыпІэм кууу зэрыщымыгъуазэм, е зэрыграгъэлейм кыцхькІкІэ. Егъэлеиуэ фІэкІ пхуэдизыгъэнуасыкІ, псальэм папщІэ, адыгэпщхэр кырым хьанхэм еубзэ-ебзенуэ, тыгъэхэр ират зэпыту къэгъуэгурыкІуэу зэратхыр. Езы Къэбэрдей-Кырым зауэм и тхыдэр щатхьыкІэ, зыгуэрхэм щрагъэлейр абы и заКъуэкъым, абы щыпсэ хэзыльхьи урохьэлІэ.

Урысей къэралыгъэ уэм ыхьхэн и пэкІэ адыгэхэр тырку сультІанымрэ кырым хьанхэмрэ я бжьым щІэтауэщ Совет льэхъэнэм дунейм кьытехьа тхылпкъэм зэритыр. Тхыдэр щыхьэт техьуэркъым абы, Іуэхур нэгъуэщІуэ зэрыщытар. Пщы яупсым хуей щІэхуаам и щхьэусыгъэр гурыІуэгъуэш: Урысей къэралыгъуэм хэмыхьэгъэ, адыгэхэм Тыркумрэ Кырымымрэ я бжьым кьыщІэкІыфынутэкъым, нэгъуэщІу жыпІэмэ, абыхэм бжьыр ятезыхар Хьысейрщ (игъащІэм ят емылъа бжьыр!) Пэжжьым адыгэхэм ислъам диныр залымыгъэкІэ кьрагъащтэнм кырым хьанхэр щІэкъу зэпыту щытари.

АДЫГЭХЭМРЭ кырым хьанхэмрэ яку дэлъа зэхущытыкІэхэм я лъабжьэр нэхъ куущ. Дыз эрыщыгъуэ зэщІи, XV лэщІыгъуэм кы-щыщІэдзауэ Кырымым зэн зэпигъэуакъым Кавказ Ищхъэрэм щригъэкІуэкІ зауэхэр. Тырку сультІанхэм я унафэрэ я дзІэпыкъуныгъэкІэ, кырым хьанхэр куэдрэ щІэкъуащ Кавказ Ищхъэрэм ис лъэпкъхэр Уэсэмэн пащтыхьыгъуэм и ІэмышІэ зэрыралъхьэным. Псом хэмыдзу я гур зыхуэпІыр Шэрджэсымрэ Къэбэрдеймрэт (Шэрджэсым и гъунапкъэр хьІуфэм еуалІэрт; Къэбэрдеим и щІыр Псыжь кьыщыщІэдзауэ Тэрч Хьэзар хьм щыхэхуэм нэсырт абы щыгъуэ). Адыгэхэм къращыІлІэ зауэхэр щІэх-щІэхыуэр яублэрт кырым хьанхэм, адыгэпщхэм зэгурымыІуэуэр зэрыізэщІхэрейр къагъэсэбэнуэр - аХэр зэрагъэкІуэным щхьэ усыгъуэ ящІыртри. Къэбгъэльаръуэмэ, кІаХэ адыгэхэм (Шэрджэсым) кырым хьанхэм зауэ гуащІэ къращыІлІэгъащ 1515, 1539, 1545, 1551, 1553, 1554, 1570 гъэхэм. Къэбэрдейм - 1518, 1535 (нэгъуейхэм), 1539, 1545, 1547, 1552, 1567, 1619, 1629, 1631 гъэхэм. Дапщэрэ хьатеуами, Шэрджэсыр Къэбэрдеймрэ ІэпэІэщІыпэ яхуэзэфІэкІакъым кырым хьанхэм. Адыгэпщхэм дзэщхэ зэщІау зэІэфырт, зэрыпхъуакІуэ хэм щІэх-щІэхыуэрэ еэзуэн хуей хьуртри, зауэм сыщІыгъуэ зу жьэ.Іыр. Зэрахабзэти, бийр къэблэгъа нэужь, адыгэпщхэм я цІыхур бгым ягъэІэпхъуэрти, езыхэр зэрыпхъуакІуэхэм пэуварт. Хьысейрщ бжьыгъэщ, хьаныр Селим-Джэрий Іэзанэр 1671 гъэм Къэбэрдеим кьыщытеуам щыгъуэ цІыху 50 мыдадати, ер кьиКІ пэтащ - абы кьыхэІэбащ зауэм зэрыкуэцІакІи адыгэхэр тэтэрхэм ефІэкІыртт, бий кьалъихьэмэ, щхьэмыгъаазэт, бийр зыгтрагьакІуэ е абы зрагъэубыд нэхъыр зауэуэрэ зэрыт ятэр, нэхъ кьащтэр т. Бийм и ужьыр яхуэрэ, адыгэпщхэр Кырымым щынэс, абы щыщІызауэ куэдрэ кьэхъуащ.

Кырым хьанхэмрэ адыгэпщхэмрэ яку благъагъэ кьыщІыхуэ щыІащ. Кырым хьанхэм я нэхъыбэм я къэхэм атэлыкъ щаІащ Къэбэрдеймм Шэрджэсмм - а хабзэмм благъэ зэхуэщІыртт кьанхэмрэ адыгэпщхэмрэ. Ар кьагъэсэбэнуэр, хьанхэр адыгэхэм я Іуэхум кьыхэІэбэрт - я благъэхэм щкьадэщІын, кьадзеІэпкъыун щхьэусыгъуэ ящІурэ. Езы адыгэпщхэри - хьанхэм благъэ хуэхъуахэр - абыхэм щадзэауи кьэхъуащ.

Тхыгъэ гуэрхэм ушрохьэлІэ кырым хьанхэм ильэс кьэс цІыху иратын хуейуэ адыгэхэм апхуэдэ хьакъ ятелъаУэ. Арп тэмэхьым. Пэжыр нэгъуэщІ. Адыгэпщхэм я хабзащ зыр зым етэу. Хамэ кьэралхэм щыкІуэкІи апхуэдэ хабзэм тетащ адыгэпщхэр. Щьэж и кІарум кьихь ельытакІэ, пщыхэм ят тыгъэхэр лъапІэ дыдэу щытынкІи хъунут - гъэрхэр, Іэщэ-фащэ, щыбэ гуартэ, кьинэмыщІахэри. Хьан такъэтэр зыпыкъэр я благъэмэ, пщыхэр абыхэм апхуэдэ гуэрхэмкІэ етэнкІи хьурт - ар кьадекІуэкІ хабзэти. А хабзэм щымыгъуаззэхэм ар кьыззэрыгурыІуэр нэгъуэщІуэ - адыгэхэм ильэс кьэс хьанхэм щыкІуэ ирату щытаУэщ.

Европей авторхэм (псальэм папщІэ, Броневский М., Феррран, Пейсонель сымэ) ятх кырым хьанхэм Шэрджэсым гъэр кьыщащэхуу щыкІэ. Хьаным къэбэрдейхэм кьапиубыдащ Шахъбаз-Джэрий зыцІкІахэр ирати хуейуэ. Тэтэрхэм япэ щыкІэ, хьэщІагъэ ирахащ, ирагъэблэгъащ, ауэ ар тэтэрхэм кьаззэрыгурыІуар адыгэхэр кьэшыпаУэщ - хъунщІэн, Іэбэнльэбэн щІадзащ. «ХьэщІэхэм» зэхащІыхьыр щальагъуэм, пщыхэм я хасэм унафэ щащІащ - зэтеуКІэн. Зи уиэ тэтэр ис псоми унафэр лъагъэІэсащ. Пщыхэм я унафэм ипкъ иткІэ, кырым хьунщІакІуэхэр зэтрауКІащ, кьалгъэмрэ абы щыгъуаэхэм ящыщ зыбжанэрэ фІэкІ ятУыпщыжакъым. Менглы-Джэрий къэбэрдейхэм яІэщІэкІри кьелауэ ятх языныкъуэхэм, ауэ а зэманым Къэбэрдеим уикІуэскІыжьынкІэ Іэмал лъэпкъ щыІакъым.

КЪЭБЭРДЕЙХЭМ лей кьрахдауэ ильытэри, Кьаплъэн-Джэрий Истамбул лЫкІуэ игъэкІуащ. ЛЫкІуэхэм сультІан Ахьмэд Ещанэм (1703-1730) жраІащ къэбэрдейхэм кьращІар, хьаныр и лъэІуми щагъэтгъуэзащ; сультІаным хуит кьыщІмэ, Къэбэрдеим теуэнущ. СультІанныр арэзы хъуащ, унафи ящІащ Къэбэрдеим теуэну дзэм езы Кьаплъэн-Джэрий пашэ хуэхъун, къэбэрдейхэр зэтрикІэн, я Іьапсэм псы иригъэжьыхьын хуейуэ. Нэхъ белджылыуэ жьпІэмэ, Уэсэмэн пащтыхьыгъуэм и сультІаным Къэбэрдеим зауэ кьришьлІауэ арат абы и унафэм кьикІыр. Хьаным мырзэхэм (лІакъуэлІэшхэм) я хасэ з эхуищэсащ, зауэм и унафэр ящыІ щхьэпІэ. Хьаныр щІрагъэтгъуэжьну хэтащ мырзэхэр, тэтэрхэр фочым зэрыхуэмышІэрыуэр, зауэм мыльку куэд текІуэдэнкІэ зэрыхуэнур щхьэусыгъуэ ящІри. Хьаныр мырзэхэм едэІуаккым, зауэм зыхуигъэхьэзырын щІидзащ. Смирнов В. Д. зэритхымкІэ («Крымское ханство под вер ховенством Оттоманской Порты»): «Унагъуэ кьэс зы цІыху кьришурэ, Кьаплъэн-Джэрий дзэшхэр зэкІуишэсащ, нэгъуейхэри гъусэ ящІащ. Уэсэмэн правительствэр щыгуфІыкІащ кырымхэр зи ужь ит зауэм, Каффэ дэс бейлербей Муртэза-пашэ и пщэ далъхьащ езыри и дзэпщхэри хьаным гъусэ хуэхъун хуейуэ».

Къэбэрдеим кьытеуэн щхьэкІэ, Кьаплъэн-Джэрий зэхуишэса дзэм и бжьыгъэ тхыгъэм кьыззэрыхьщІэ зэтехуэрхьым - мин 20-м кьыщІщІэдзауэ мини 100-м щІигъу. Зыщыгъэгъупщэн хуейкьым Кырымым дзэуэ ирэр Къэбэрдеим кьращІылІэну зауэм зэрыхуагъэхьэзырар, абы хэтащ езы хьаным и гвардиери (сеймэнхэр). Кырымыдзэм гъусэ хуэхъуащ Бурджакъ ордам (Бессарабием) щыщ нэгъуейхэмри Псыкъ и ижьырабгъум щыпсэу нэгъуейхэмри я дзэри, пщы уэлийр зэрыхэуплІыхьар: бийм и ІэмышІэ зитлъхьэу ди напэр зытетхьакъым, хьэмэ Іэщэкіэ дыпэувын? Псоми зы жэуапщ кьратар: бийм и ІэмышІэ зитлъхьэ нэхьрэ, зауэм дыхэкІуадэмэ нэхьыфІщ (Кантемир Дмитрий, «Оттоман империем и тхыдэ»).

Кьаплъэн-Джэрий епсальэ зэщІуурэ, Кургъуокъуэ и дзэр адэ-мыдзкІэ щигъэуващ, Іэщэ зымыгъэбзэфынуэр бгым ириащ. Пщы уэлийм и лЫкІуэхэм тыгъэ гуэрхэр хуагъэлъэгъуащ хьаными, дзэр Къэбэрдеим ирипшІжмэ, гъэр бжьыгъэ гуэри иратын хуэдэу жращащ. Хьаным жэуап кьратащ: цІыху минищ нэхьрэ нэхъ мащІэ кьыфІыхьынукьым. ЛЫкІуэхэм Кьаплъэн-Джэрий жраІащ: «Илъэс 15-20-м зы хьакІэм иджыри кьэс кьытеувэр; иджы илъэс кьэс зы хьан кьоуэ - хэт и сабий фэттынур? Дунейр нэгъуэщІ хьащІщ иджы: адыгэхэм я нэхьыбэр ильэм диныем ихьащ, хьэлІэ кьэс, жьилагъуэ кьэс мэжджьтрэ мыдрисэрэ дыдощІыхь, ди цІыхум я нэмэз уахъэтыр благъэкІыркьым, ди щІэлІэр иоджэ; КьурІэнэр кьаІэщІэтхьу ди сабийхэр фэ фэттынкІэ кьеззгъэ? Алыхьым кьыфхуидэну апхуэдэ зальымыгъэр? Хьэуэ, ар фхуэтщІэфынукъым дэ».

Кьаплъэн-Джэрий и тхьэкІумэ ириухьакъым Къэбэрдеим и пщы уэлийм и лЫкІуэхэм я псальэр. Зауэр яубгъэри, мазэрэ ныкъуэкІэ Къэбэрдей псом щызэпыуакъым - абы щыхьэт тохьуэ пщы Бэчмырзэ Іэтэрхъан. Адыгэ Іуэрыіуатэм кьызэрыхэщымкІэ, Мэшыкъуэ зи щІэ гъуКІэр зи пашэ мэкъумэшыщІэхэр Псоучэбэ деж щеэзуащ биим. (Мэшыкъуэ зи пашэ дзэр щызэуа Іуащхьэм абы и цІэр теІуэдащ нужькІэ).

Къэбэрдейхэм кьела кырымыдзэр, бжьыхьэпэм Балъкъ хьаныр щІигъуащ бгым зэрыщызэуэ щыкІэм мыйейуэ щыгъуазэ дзэпщхэр: гурыІуэгъуэщ абыхэм я дзэр псыхьуэ зэвым фІырыфІкІэ зэрыдащмышэнур - аракъым аХэр Къэбэрдеим мэкъыштеуар. КьыщІтеуар «къэбэрдейхэм я Іьапсэм псы иригъэжьыхьыжьынкІэ щхьэкІэщ - апхуэдэ унафэщ тырку сультІаным кьахуищІар; Кьаплъэн-Джэрий аращ зэуакІуэ кьыщІежьар. Тырку сультІаным и унафэр хуэгъэзэщІакъым кырым хьаным - и дзэр «зи Іьапсэм псы иригъэжьыхьыжьынкІэ гугъа Къэбэрдеим щызэ тракъутащ, кьеларащ псыхьуэ зэвым щІэзыудыгъуащ.

1708 гъэм кьытеуэ кырымтырку-нэгъуей дзэщхэр зэхакъутэн яхуэзэфІэкІащ къэбэрдейхэм, абыхэм зауэм кьыщащхэ текІуэныгъэ иным и фІыгъэкІэ Къэбэрдейр зэрыщхьэхуитауэ кьэнэжащ, зэрыпхъуакІуэхэм я ІэмышІэ ихуакъым гъунэгъу льэпкъхэри. Кырым хьаным и дзэр Къэбэрдейм зэрыщызэхакъутам и хьыбарыр жьыкъэ нэсащ, абы и уэкькІэ ехуэхауэ щытащ Кырымым и пщІэ, и кьарури щІэкІащ, ар, щэч хэмылъ у, кьащхьапащ Ищхъэрэ зауэм (1700-1721) хэт урыс-хэми. Дыз эрыщыгъуаэзщи, швед пащтыхь Карл Епщыкіутаніэм и дзэр 1708 гъэм и гъатхэм Белоруссием и щІыналъхьэм кьыуфІащІыгъащ. Швед пащтыхьыр тырку сультІанымрэ кырым хьанымрэ куэдкІэ ящыгугъырт, ауэ кьрыщыщІэ Къэбэрдейм зэрыщыгъуазэ, тэтэрхэр шведхэм ядэІэпыкъуэжьыфакъым: 1709 гъэм гъэмахуэ пІэ маэзм и 27-м Карл XII и дзэр урысхэм Полтавэ дежь щыхьгъэщІащ.

1 ГЪЭМ и уэкькІэ щІэх зыкъуажьыжьакъым кырым тэтэрхэм, Къэбэрдейр тегушхуэгъэгъуафІэ ящІыжьакъым - 1720 гъэ пщІондэ зэуакІуэ гъэкІуэтэжащ; а Іуэхум абы и уэкькІи (1721, 1731, 1735, 1737, 1739 гъэхэм) къэбэрдейхэм кьапэлъэщакъым кырым хьаным и дзэр, зэрыпхъуакІуэ кьежьащ. Къэбэрдейм щыізэхахьуэ зэпытащ.

1708 гъэм кырымыдзэм зэрытекІуэм Къэбэрдейм и пщІэр льагэ ирихьуауэ щытащ. Ауэ ар ирихьуауэ щытащ Кырымым и пщІэ, абы кьарууцуэ зэрыбгъэздэлъыр, зэрыпхъуакІуэхэм я ІэмышІэ зрилъхьэн муради зэримыІэр, и хуитныгъэр ихьумэн щхьэкІэ, и псэ зэремыбгъэжьанур. 1739 гъэм фокІадэм и 18-м (29) Белград щызэрыщІэкІа зэгурыІэныгъэмкІэ (трактатымкІэ) Урысеймрэ Уэсэмэн пащтыхьыгъуэмрэ Къэбэрдейр зыми ІэщІэмыльэ, зи щхьэ хуит хэкуу кьальытагъуэ щытащ.

КЪУЩХЬЭБИЙ Анзор,
тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор.

Къэнжал зауэ *(фрагмент)*
Сурэтыр КъБР-м и цыхубэ художник **КІЫЩІ Мухьэдин** *ищащ.*

Бытырбыхуэ кІуауэ, пщы ХьэтІохъущокъуэ Мыхьэмэт 1731 гъэм щыщхьэщу мазэм и 22-м пащтыкъ гуащэ Аннэ Иоанновнэ жриІэгъащ: «Дзэшхэр щыгъуу, хьан Кьаплъэн-Джэрий ди хэкум нытеуат; ауэ Іхьэм и фІыщІэкІэ, абы ди дзэр зэхэтхьутащ, куэд дыдэ зэтедукІащ, езыращ кьытеуар, дэракъым». Урысейм хамэ кьэрал ІуэхуэхэмкІэ и Коллегием 1748 гъэм зэрэщІэмыгъэкІ: «Мы гъэм ильэс пІыщІ мэхъу кырым хьаныр Къэбэрдейм зэуакІуэ зэрыкІуэрэ; хьаным дзэшхэу щыІгъуащ; къэбэрдейхэм я ІэшІыр Іэм ирахуэрэ, хьаным Бахьсэн деж кьыщІпэуващ... Къэбэрдейхэм мин щэщІ зэтрауКІащ; абыхэм кьелар и гъуэгу, хьаныр щІэпхъуэжащ».

Кырымыдзэр къэбэрдейхэм зэрызэтракъутам теухуауэ Мотрэ Абри де ла етх: «Шэрджэсхэр, пшапэр зэхэуа нэужь, бгыщхьэм ихьэри, бгы льапэм тет (тэтэр) щэтырхэм щабзэшэрэ мывэрэ кьытракІутащ; хьанымрэ абы и дзэпщхэмрэ зыпэплъа гъэрхэм я пІэкІэ ухьыжьхэр щІэхуэльэдащ, Іэщэм ихьуэрэ я щхьэр щІахьэнуи хуна-гъэсакъым. Мазэгъуэ жэщти, зэрэтрауплІэтащ, яІэщІэкІар шым зрадзьн зыхуэзэфІэкІам я закъуащ. Хьаныр щІэпхъуэжащ, и кьуэшыр, и зы кьуэр, и топхэр, и щэтырхэр кьиІаньэр. Я деж нэсыжьа нэужь, ар тридзри, Родос ягъэкІуащ.

Кьэнжал зауэм теуха тхэ-гъэм гуэрхэм ушрихьэлІэ щыІэщ: къэбэрдейхэм шы (е шыд) щитІ-щищым хьуазэ пхырхэр кІэращІэщ, мафІэ щІадзэ жри, тэт эрэ зм хаУ тыпщхьащ, абы игъэгужьейри, тэтэрхэр Іэрпхъуэр хьуащ, зыкъащІэжьыным хуэмэщІ щыкІэ, ахэр кьэбэрдейхэм зэтрауКІащ... Ар зэрышыпсэр нэрылъагъущ, кьэзыгупсысари езы кырымхэрагъэнущ: мафІэкІэ дамыгъэгужеятэмэ, къэбэрдейхэр кьыгтпэлъэщынутэхьым жьхуаІэгъэнщ. ГъэщІэгъэ уэныращ: - а щыпсэм ноби ушрихьэлІэ кьюхьу...

1709 гъэм бадзэуэгъуэфокІадэ мазэхэмэ къэбэрдейхэм зэхакъутащ минищэ нэхьрэ мынэхъ мащІэ кырымтырк у-нэгъуей дзэщх уэр, Къэбэрдейхэм гъэр ящІащ Кьаплъэн-Джэрий и кьуэшыр, и кьуэр, мырзэ, зауэлІ и уэлІ. Бэчмырзэ Тэтэрхэм щыхьэт зэрытехъуэмкІэ, зауэм хэкІуэдащ тэтэр «мырзэ цІэрыІуэщІ». Кырым хьаныр Къэбэрдейм кьыщІтеуэм щыгъуэ зауэм хэкІуэда тэтэр мырзэхэм (лІакъуэлІэшхэм) я бжьигъэми кьыбжьеІэ бийдзэр зыхуэдизар: мырзэ кьэс зы дзэ пакІэ (полк) Іэщ Іэльащ, апхуэдэу щыщІткІэ, хьаныр и дзэр полкищ нэхъ мащІэтэкъым (ари зауэм хэкІуэда мырзэхэм я бжьигъэхэм тепщыхь кьудейм»).

Кьаплъэн-Джэрий и Іуэхур зэрыхъуам теухуауэ. Фіэщ хьугъуейщ ар къэбэрдейхэм яГъэбыда псыхьуэ зэвым дзкІуэсыкІыжьыфар, ар, кьыбгъурыІуэ зэррыхъунумкІэ, щамыукІам щхьэусыгъуэ иІагъэнущ: и напэр текІауэ, хьаныр яутІыпщыжмэ, нэхъ яфІэтэмэмагъэнущ адыгэпщхэм. Абыхэм акъылэгъу уадохьу, Кырымым нэсыжьа нэужь, Кьаплъэн-Джэрий кьыщІщам ущыгъуаззэм.

1708 гъэм кьытеуа кырымтырку-нэгъуей дзэщхэр зэхакъутэн яхуэзэфІэкІащ къэбэрдейхэм, абыхэм зауэм кьыщІахьа текІуэныгъэ иным и фІыгъэкІэ Къэбэрдейр зэрыщхьэхуитауэ кьэнэжащ, зэрыпхъуакІуэхэм я ІэмышІэ ихуакъым гъунэгъу льэпкъхэри. Кырым хьаным и дзэр Къэбэрдейм зэрыщызэхакъутам и хьыбарыр жьыкъэ нэсащ, абы и уэкькІэ ехуэхауэ щытащ Кырымым и пщІэ, и кьарури щІэкІащ, ар, щэч хэмылъ у, кьащхьапащ Ищхъэрэ зауэм (1700-1721) хэт урыс-хэми. Дыз эрыщыгъуаэзщи, швед пащтыкъ Карл Епщыкіутаніэм и дзэр 1708 гъэм и гъатхэм Белоруссием и щІыналъхьэм ящІащІыгъащ. Швед пащтыхьыр тырку сультІанымрэ кырым хьанымрэ куэдкІэ ящыгугъырт, ауэ кьрыщыщІэ

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

● ЦыкIуэхэм папщIэ

Бажэ

Таурыхъ

ХЭТ бзаджагъэкIэ бажэм пэльэщын?! Пылыр бгым щидзыфынщ абы. Ауэ эи кварум сытым дежи къигъэгъэ щхъуэжьым бажэр зыуи кьрадзэртэкъым. Зыми щымышынэу мэзыр х уити кьыззхикIухьырт. Зыхуэ ззэм льапсэрыхыр кьыхуигъакIуэрт. Iэмал ухуемыкIуэмэ, абы нэгъэущIуэ уэрыпэмыльэщынур зщIэрт бажэми, зэгъэжIыу абы зэрыхуэ ззэнум егупсысырт. «ЗыльэкIым зыльэмыкIыр ириуду допсэу», - жиIэурэ бажэм и щхъэм куэд щыIэригъэзэхуэрт.

Зэуэ абы игу кьэкIыжащ и бынунэр игъэшхэну кьызэрыпэпльэр. Унэм зыри кьыщIэмыкIыну ящрIщ, езыр кьуажэм кIуэуэ джэд кьаухихьыну кьигъэгугъэр, жэщхэ хэкIуэтхэу бажэр гъэгуанэ теуваащ. Дакьикьэ кьэс хьэ банэ макъыр нэхъ ин хьурт. «УкъэмыкIуэ, утIащIэкIынкъым», - кьыжрагъэ кьыщыхьурт. Ауэ ныбэ нэщIым уимыгъэщIэн щыIэ? И псэр дзапэкIэ иIыгъыну, джэду щабэрыкIуэу зр пщIантIэ гъэрым дыхьащ. Лъэшхуэм щыIупльэм, зэуэ кьэщтащ, и щхьэр унаээри зэфIэщащ. И нэхэр кьщыригъэпльэжам, хьэшхэр и пащхьэм кьитт, кьдзэхащIэу. Iуэхур зытетыр кьыщыгурыIуэм бажэр хуэмурэ и акьыл кьихьэжащ. Хьэжьым и кIэр зэкIэщIиупщIэри, здэщыпльам деж гъуэпльыжащ, бажэми дкъдэщымкIэ иунэтIащ.

Бажэр куэдрэ гупсысэнт дкъдэщым щыхьамэ?! Епхъуэри ящэу кьыIэрыхьа дкъдым и псэр хиудащ, и дзэр быдзу хиухIэри, пщIантIэм кьыдыхьжащ. «Сэ сомэжалIэ, льакьуэ нэхъ мыхъуми зыгъэ кьыслъыгъэс», - жиIэу хьэжьар абы кьеплъырт. «Ажалыр кьыплъыус, уэ джэд льакьуэ кьыпIэрпэмыхьэу», - жиIэщ бажэми, псынщIэу жэщ кIыфIым хэкIуэдэжащ. Кьуажэм дзэкIыжьхьу мащIэ бэлъыхь и псэм игъэвакъым бажэм.

Хьэхэр дзнэ льэныкъуэкIи кьыщыбанэрт, ауэ абыхэми ди псэр нэхъыфIщ жыхуаIэу пщIантIэм кьыдэжьын иракуртэкъым.

Нэхулъэ кьыщищым бажэр мэз льапэм нэсыжащ. Кьэнэжа щыIэтэкъым и бынунэм яхьихьэкьым. ТIэкIу зызгъэпсэхунщ жиIэри, джэдыр игъэтIылъащ. Ар и пащхьэ илым ельт, и гурыIупсэ кьажэу, ауэ мэ жалIэу кьыпэпльэ и бынэр и нэгу кьыззрыщIыхьэу зыIэтриубыдэжырт. Абы хэту и щхьэр кьиIэтрэ пльэмэ, щхьэжьыр кьажэрт. Иджы абы кьыгурыIуат джэдым зэрыпыкIар, ауэ абы езыри дигъэкIуэнкIэ шынэрт.

Щхьэуэжьыр кьыщысым, бажэм занщIэу жиIащ.

● Гушыlэ

Ахъшэмкlэ укъызэмыупщl

ДИЗЫКЪУАЖЭ бзэзрым кIуащ. Абы щица кIэртIоф къэпщым кьыщIэкIамкIэ тхылъ зыбжанэ кьищэхуащ. Ахэр тхылъ фIыуэ зыльагъу и ныбжьэгъу гуэрым и дежь ихьри, абыхэм тепсэльыхьурэ нэхущ кьатехьащ. Нэху щыным нэблигъауэ, Дизыкъуажэ я куэбжэм Iухьэжри, езым и цIэр жиIэурэ джащ. И фызыр кьыщIэкIри:

- Хэт ар? - жиIащ.

- Дизыкъуажэ дзэ? - жеIэри щIоупщIэ и макъыр нэгъэущI ищIауэ.

- Хьэуэ, дэскъым.

- Дэнэ щыIэу пIэр?

- Тхъэ дымащIэ. Дыгъуасэ бзэзрым кIуати, кьэкIуэжакъым. Дэри догуэзащ, дызэупщIкIарыгъуаУ жаIэ, - кьыхуеIуатэ фызым и гурыгъу-гурыщIэхэр.

- Езыра фыщIэгъэзаIэр хьэмэрэ кIэртIоф уасэра?

- Езыращ-на, ахъумэ кIэртIоф уасэр сытым щыщ. Ахъшэр зэпыту укIуэ, и щхьэр дижащэрэт.

- АтIэ ахъшэмкIэ укъызэмыупщI, си щхьэр мис, ар псэууэ кьыпхуэсхьыжащ, - жиIэурэ пщIантIэм дыхьэжащ Дизыкъуажэ.

ЖЫЛАУ Нурбий. *2001 гъэ.*

● Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

Джэдыкlэ уда

ТХЪУРЫМБЭ къищIыху джэдыкIэр яуда, шэ хакIэ, жудзуэрэ хьэжьыгъэ хакIуэ, шыгъу зэрафIэфIу халъхьэ. Ар тхъу зэрыт жьэпхъалъэ кьэпльам иракIэри, ярашэ.

Шхыныгъуэр щащIкIэ халъхьэр: джэдыкIи 2-3-м хуэззу шу стэкан ныкъуэ, хьэжьигъу бжэмыших 1-2.

Бэджэнэ

ТIэКIУ гуащIэ хъуа щэжьпсыр язри, кIэструдкIэ мафIэм трагъэувэ. Шыгъу тIэкIу хадзэ. Кьэвэн зэрыщIидзэу зэIащIэуэрэ, хуэму хакIуэ нартыхуэ хьэжьигъ е крупа. Зэпымыууэ зэIащIэуэрэ, мырамысэм хуэдэу фIыуэ ягъажьэ.

Шхыныгъуэр пщтыру Iэнэм трагъэувэ, тхъу и гъусэу.

«Адыгэ шхынхэр» тхылъым кьштхьыжащ.

● Къулейсыз псор тхьэмыщIкIэкъым.

● Кхъужь мыхъур щылъмэ, нэгIыгъуэ, мыIэрысэ мыхъур щылъмэ, мэф.

● Лэжьэн зыфIэфIым лэжьыгъэ кьетыхьуэ, щхэн зыфIэфIым Iэнэ егъэхъу.

● Сгъаглъыгъэрэ ныбжьэгъуГэрэ здэщымыIэм гъащIи щыжьэкIым.

● Мазэм аркъэн бдзкIэ кьыпхуельэфхьын?

● МафIэм имыс яжьэ хъуркъым.

● Псалъэжьыр гъащIэм кьеГэщIри, ныбжьыщIэр щIапIыкI.

● Псэм кьыдыхьэр нэм фIэдахэщ.

● Лъэпкъ Iуэху

Зэшхэм я джэгу

**Хабзэ зэрыхъуэуэ бзэржьеI пщыхьэщхьэ кьэс Налшык Абкъазым и тупи щIалэгъуалэм джэгушхуэ щызэкашэ. Зэрызэтраублам хуэдэу дахэу, екIуу, нэгузыужьу, щIыхь кIуапIэу екIуэкI пщыхьэщхьэм иджырейр ефIэкIырт Iуэхугъуэ зыбжанэкIэ - джэгум кьрихьэлIат Иорданиеи (щыхьу 26-рэ), Израильм (щыхьу 48-рэ) кьэкIуэу мы махуэхэм КъэбэрдеI-Балъкъэрым щыхьэщIэ ныбжьыщIэхэр. ЗэблэкIыну кьэтехьэу, чэзуэ кьызэдэфэу, щIалэ хьэщIэхэм хэгъэрей пщащэхэр кьагъаФэу, хьыджэбз хьэщIэхэр дн щIалэхэм кьыдашу пщыхьэщхьэр хэкIуэтэжу я нэгу зрагъэужащ. Кьэралищым щыпсэу адыгэ ныбжьыщIэхэр щызэхуэса пшыхь зэрыхьуам и закъуэгъэкъым иджырей джэгур нэхъуэм екIуэкIахэм кьаХэзыгъэщIр - Iэгуауэшхуэ тракьутэу утыкум кьращэри кьызздагъэфащ а махуэм зи нэчыкъ ятха Бэлахьэуэ Индирэрэр (КъБР) Къетьыкъу Мухьэмэдэр (Иордание). ЗэманкIэ уэзIебэкIыжмэ, ахэр щызэрыщIыхуааУ щытат бэрэжьеI пщыхьэщхьэкIэ екIуэкI джэгуэм ящыщ щым.

НЫБЭ ЖЬ Тансэ.

● ЦыкIуэхэм папщIэ

Бажэ

Таурыхъ

ХЭТ бзаджагъэкIэ бажэм пэльэщын?! Пылыр бгым щидзыфынщ абы. Ауэ эи кварум сытым дежи къигъэгъэ щхъуэжьым бажэр зыуи кьыззхикIухьырт. Зыхуэззэм льапсэрыхыр кьыхуигъакIуэрт. Iэмал уХуемыкIуэмэ, абы нэгъэущIуэ уэрыпэмыльэщынур зщIэрт бажэми, зэгъэжIыу абы зэрыхуэ ззэнум егупсысырт. «ЗыльэкIым зыльэмыкIыр ириуду допсэу», - жиIэурэ бажэм и щхъэм куэд щыIэригъэзэхуэрт.

Зэуэ абы игу кьэкIыжащ и бынунэр игъэшхэну кьызэрыпэпльэр. Унэм зыри кьыщIэмыкIыну ящрIщ, езыр кьуажэм кIуэуэ джэд кьаХуихьыну кьигъэгугъэр, жэщхэ хэкIуэтхэу бажэр гъэгуанэ теуваащ. Дакьикьэ кьэс хьэ банэ макъыр нэхъ ин хьурт. «УкъэмыкIуэ, утIащIэкIынкъым», - кьыжрагъэ кьыщыхьурт. Ауэ ныбэ нэщIым уимыгъэщIэн щыIэ? И псэр дзапэкIэ иIыгъыну, джэду щабэрыкIуэу пщIантIэ гъэрым дыхьащ. Зьэшхуэм щыIупльам, зэуэ кьэщтащ, и щхьэр унаээри зэфIэщащ. И нэхэр кьщыригъэпльэжам, хьэшхэр и пащхьэм кьитт, кьдзэхащIэу. Iуэхур зытетыр кьыщыгурыIуэм бажэр хуэмурэ и акьыл кьихьэжащ. Хьэжьым и кIэр зэкIэщIиупщIэри, здэщыпльам деж гъуэпльыжащ, бажэми дкъдэщымкIэ иунэтIащ.

Бажэр куэдрэ гупсысэнт дкъдэщым щыхьамэ?! Епхъуэри ящэу кьыIэрыхьа дкъдым и псэр хиудащ, и дзэр быдзу хиухIэри, пщIантIэм кьыдыхьжащ. «Сэ сомэжалIэ, льакьуэ нэхъ мыхъуми зыгъэ кьыслъыгъэс», - жиIэу хьэжьар абы кьеплъырт. «Ажалыр кьыплъыус, уэ джэд льакьуэ кьыпIэрпэмыхьэу», - жиIэщ бажэми, псынщIэу жэщ кIыфIым хэкIуэдэжащ. Кьуажэм дзэкIыжьхьу мащIэ бэлъыхь и псэм игъэвакъым бажэм.

Хьэхэр дзнэ льэныкъуэкIи кьыщыбанэрт, ауэ абыхэми ди псэр нэхъыфIщ жыхуаIэу пщIантIэм кьыдэжьын иракуртэкъым.

Нэхулъэ кьыщищым бажэр мэз льапэм нэсыжащ. Кьэнэжа щыIэтэкъым и бынунэм яхьихьэкьым. ТIэкIу зызгъэпсэхунщ жиIэри, джэдыр игъэтIылъащ. Ар и пащхьэ илым ельт, и гурыIупсэ кьажэу, ауэ мэ жалIэу кьыпэпльэ и бынэр и нэгу кьыззрыщIыхьэу зыIэтриубыдэжырт. Абы хэту и щхьэр кьиIэтрэ пльэмэ, щхьэжьыр кьажэрт. Иджы абы кьыгурыIуат джэдым зэрыпыкIар, ауэ абы езыри дигъэкIуэнкIэ шынэрт.

Щхьэуэжьыр кьыщысым, бажэм занщIэу жиIащ.

● Гупсысэр - псалъэкIэ

***Нобэ зи тхыгъэ кIэщIхэр тедзэ КIуантIэ Викторие Гъуэ районым хьыхь Плановскэ къуажэм щыщ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэралыр университетым и лингвистическэ факультетым щоджэ. КъБР-м и ТхакIуэхэм я союзым щылажьэ «Шыхулъагъуэ» литературэ хасэм и лэжьыгъэм хэтщ. Викторие уси етх.*

● Пшыхьэр

Пщыгъусэр ягъэлъапIэ

Iуэхугъуэ ящыщ щыIэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу Къэрмокъуэ Iуанэ и ныбжьыщIэ Iуэхугъуэ ящыщ. Абы и щхьэр ирагъэзэжащ, ауэ ар зэрыгъэзэжыр ящыгъуэ, ящыгъуэ ирагъэзэжмэ, ар щIэ ящIэ. Ар и ныбжьыр ильэс 6-м ПщыгъуэсэрI Аслъэн и Iуэхугъуэ Аслъэн и ильэс 50 юбилейр. ЗэIущIэ дахэр Тэрч районым администрацэм и Iэтащхьэ Гъэнатуэ Мосэ и Iуэхугъуэ Аслъэн, Дуней псо Артийсэ комитетым Кавказ Ищхьэрэм щIэ кьудамэм и тхьэмадэ Бейтыгъуэн Iуэес, Тэрч район администрацэм и Iэтащхьэм и кьуэдзэ КIэрэф Мурадин, Тэрч кьалэм и унафэщI ГъукIэпщ Алексей, сурэтыщI Гъыдэ Валерэ, КъАХ-м Тэрч районым щиIэ кьудамэм и унафэщI Балъкъэр Борис сымэ, нэгъэущIхэми.

ГуфIэгъэу пшыхьым кьрихьэлIа дзтхэнэ зыми абы лъэпкъ щэнхабзэм хуищIа хэпхъыныгъэ кьыхагъащащ икIи адэкIи екъуIэныгъэхэр иЭну екъуэхъуащ.

ДОЛ Амин.

● ЖыIэгъуэхэр

МафIэм имыс жьэ хъуркъым

● ПщIэ зыхуащIыр жьакIэрауэ щытамэ, ажэр сыт хуэдэу яIэтынт?!

● Удэзыр къыщыкIым щахъу.

● Унгу ирихь пщащэм фIыуэ узолъагъу жумыIэ: фэрыщIыгъэу къыщыхъунщ.

● УнэльащIэ кьэпщжун и пэкIэ, ущыпсэуэ щы.

● Факъыпрэми насыпыфIэу зыкъеIельтэж, и къэльтмакъым щ ыщхьуам деж.

● Фадэм кьрихур гум илъым и закъуэкъым, щхьэм ильри дегъакIуэ.

● ХъущIэм тIэу щогуфыкI: къыщрагъэблагъэмрэ щрагъэжьэжьмрэ.

КIУАНТIЭ Iэзид.

● Iэщэнэ хэр

ЦIыхум и щхьэц налъэ къыхэжамэ...

❖ Хьэщ1э къыщIыхьауэ унэ япхъэнкIыртэкъым.

❖ Цыхум и щхьэц налъэ къыхэжамэ, фIыуэ ильагъу Iуэрыр зэхуэзэнущ.

❖ Щэр кIэрефгъасхьэмэ е къыбгъэкIмэ, жэм гъэшым кIэрев жаIэрт.

❖ Щхьэц налъэ тхъуа къыхэпльну фIыкъым.

❖ Iуащхьэмахуэ пшагъуалъэмэ - уэлбанэ пэплъэ.

❖ Сабийм и пэбгыр щхьэуантIэмэ, щIалэ тралъхьэну къальытэ.

● Джэгукlэхэр

Топ ежьэ

ПХЪЭИДЗЭ ящIри, топым и тету зы хах. ИтIанэ гъуэ цIыкIу къатIри, топыр абы ираIухьэ. Тетыр гупым яхокIри, лъэныкъуэкIэ мэув, мыдрейхэм я Iэ лъэныкъуэ зырызыр топым хуэщIиеу хъурейуэ зэхэтщ, хьэзыру. Тетым псынщIэу зыгуэрым и цIэ ирегъэ. Зи цIэ жаIэм топыр къепхъуатэ, мыдрейхэр псори зэбгрож. Топыр зыНыгьыр и пIэ имыкIыну зыгуэрым йоуэ, къиуэну. Трифъхъуэфрэ - ар топым и тет мэжъури, ар зи пIэ нувар джэгуэм яохьэ, тримыгъэхуэфмэ, зэрыщыгъуэ къонэжхэри, адэкIэ пащэ.

МАФIЭДЗ Сэрэбий. *1994 гъэ.*

● Псалъэжьхэр

Зи бзэ хуимытыжыр

♦ Щыхьым и бжьэр и бийщ.

♦ Iпэ узрихьэлIэр щхьныфIщ.

♦ Iэнэм и пэри и кIэри хьуэхьущ.

♦ Бзэгур шэм нэхьрэ нэхь жэрщ.

♦ Щыщэр куэншыбым хэлъкIи ульийркъым.

♦ Ем «сынокIу» жиIэркъым.

♦ Жыгым и пщIащэр и фащэщ.

♦ Зи бзэ хуимытыжыр и бзэ токIуэдэжь.

● Къуажэхьхэр

ТхъэкIумабгъуэ и къуэ нэ хъурей

♦ МыIэфI, мыдыдж, джэд лыбжьэр гурыхь зыщI.

♦ ПIыри зэдожэ, зыри кьытежькъым.

♦ Псым кьыхах, псым хохьэж.

♦ ТкъэкIумабгъуэ и къуэ нэ хъурей.

♦ Уд бын ди бжьхь гъуанэ къыдопIь.

ЖЭУАПХЭР:

Дзэгъэн, Iэдзэ, Iыгъэ, Мэлибрэ, Шэрмэн.

● Псалъэ

Псалъэзэблэдз

Екlуэлыу: 2. Хьэл-... дахэ. 5. Пшынауэ цIэрыIуэ, Урысей Федерацэм щыхь зиIэ и артист. 7. Кулпэ кIыхь зиIэ кьэкIыгъэ. 11. Бакъэ льапIэ щIхьэхь. 12. «... зимыIэм зыкI щIещIэ». 13. «ЩIыIу» псалъэ. ПхъэщIу зэрыжаIэ. 14. Шым и кIуэкIэ. 15. ПамыпущIу гъэ техьа удз. 18. Пщым и дзэпкъыгъэ зэгъ. 19 Пасэм унафэ щащIу щыт а зэIущIэ. 20. ПIастахьхьэ. 22. Гъэм и зэман. 24 Псэлъэрей. 25 Мэкъу пыупщIа сатыр-хэр. 28. Ди щынальэм щежэх псы. 31. Фэбжьым, уIэгъэ я льэужь. 33. Ныкъуэсанытэр нэгъэущIу зэрыжаIэ. 34. Батальон, полк, дивизэ, ... 35. ЩоджэнщыкIым и щэжэ щыIэ театрым и джэгуакIу яу щытА, Урысей Федерацэм щыхь зиIэ и артист. 36 Хадэх зкI. 37. Хьжьыщыкь у. 40. Къэбэрдей-Балъкъэр облисполкомым щэныгъэ IуэхуэхэмкIи и кьудамэм и унафэщIу щытА. Абы и цIэр Налшык и уэрамхэм ящыщ зым зэрехьэ. 43. Щымахуэ щыгъынхэм щыщ. 44. Къаруушхуэ зиIэ щыху. 47. Щы Iуэ кIыхь зытет щыху. 48 Жыг кьэтIэпIам и нэщэнэ. 50. ПхъэщIэмыщIхьэ. 51. Гъэжьку гъагъэ пбгъ уэ удз. 52 Щэжь Iуэ пхъашэ. 54. Щэщ. 55. Ахъшэ жьгъей. 56. Транспорт лIэужьыгIу. 58. Бгыпэ, нэпкъ. 59. Макъамэ. 60. Лъакъуэ куэд зыщIэт, псым хэс псэущхьэ. 61. «Ми ... кьыщыхьуэ».

Кьехьу: 1. ЩIакъуэ кьызыхащIыкI. 2. Щоджэнщыкъым и цIэр зезыхьэ театрым и джэгуакIуэ, мы гъэм «КъБР-м и цIыхубэ артистэ» цIэр зыфIаща. 3. Гъавэ лIэужьыгъуэ. 4. Нартхэм я гъуКIэ. 6. Кьэзышам и благъэщIэ. 8. Италием и кьалащхьэ. 9. Бдзэжьей лIэужьыгъуэ. 10. ЛъэкьапщIэ, мазэ хьэ. 16. «ЩIаУэ ...» - Кьардэнгъуэщ Зырамыкиу игъэзащIэ уэрэдыжь. 17. Уанэм и бгъуитIым бгъурыщIа лъакъуэ игъэ уваПIэ. 19. Уэсрэз макъамэу зэщIэлъ. 21. Гумыгъуэ, гу пщIанэ. 23. ТхьалъэмIэм итыр зэрыпэжьым щыхьэт техьэу дамыгъэ 26 Кьуаф-чыщэ Iув, удзыжь зэщIэкIа. 27. КъБР-м щыщ район. 29. Нэхъапэм хамэ унагъуэм ирагъэПу щыта сабий. 30. Щы кьиуда. 32. Гуэг ушыхьм, кьазыхьум я бгъэм тель. 33 Адыгэ генерал. 37. Хуэм дыдэ у кьэзыкIухь, щIылъэми тет, псы щагъми щыпсэу псэущхьэ фэ Iув щыкIу. 38 Псы Iуфэм иIэ мывалъэ-пшахъуалъэ щIыпIэ. 39. Пхъэщхьэмыщхьэ. 41. Уэс зэратхъу. 42 ПIланэпэ. 45. ЛьагапIэ, бгы. 46. МусЛрыманэхэм я махуэшхуэ. 49. Еджагъэшхуэ, Кьэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и унафэщIу щытА. 50. Мэзым щыпсэу псэущхьэ ПащI. 53. ЗкъэщIэ лъапIэм хуаукI Iэщ. 54. Языныкьуэ кьэжьигъэхэм ятет «мастэ». 57. Хывым нэгъэущIу зэреджэ. 58. Кьуалэбзэушхуэ.

Зэхэзылъхьар **МЫЗ Ахьмэдщ.**



Бадзэуэгъуэм и 19-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

Екlуэлыу: 1. Индыл. 4. Хьэлупэ. 7. Абазэхэ. 10. Хьэдзэгъэ. 12. Къэбэкетэ. 13. Дахэ. 15. Кьуараты. 16. «Зауэ». 18 Нысэ. 20. Мусэ. 22. Iэлэфей. 23. Гуахъ уэбжьэ. 25. Шэру. 27. Хьэнш. 29. Уэзы. 30. АнэщIэ. 31. Унэж. 33. ТепIъэгъу э. 35. Ашыщкэр. 37. Жэналькы. 38 ГуфIэгъуэ. 39. ХуэскIэ.

Кьехьу: 2. Дыхьэрэн. 3. Ланэ. 4. Хьэпэ. 5. Iункьбзэ. 6. Уэхыд. 8. Зоопарк. 9. ЯпIкьуэ. 11. Лакъуэ. 12. Кьрым. 14. «Адыгэгъэ». 17. Хадэшхуэ. 19 «Сэфар». 21. Уэхытэ. 24 Щхьэрыуэ. 25. «Шыхулъагъуэ». 26 Уанэ. 27. Хьэуэ. 28. Шурыпльэс. 29. Уэтэр. 32 Жырыш. 34. Гуфбжэ. 36. Уджыхьу.

● Тхыдэм къыхощыж

Адыгэ бзылъхугъэм и лIыгъэ

Урыс-Кавказ зауэжьыр екIуэкIырт. Адыгэхэм загъэхьэзырырт ТIуапсэ быдапIэр (урысыдзэм нухуар) зэхакIугъэу.

Абы ирихьэлIу Шапсыгъэм щыщIэрыIуэ щащIу, Къазийфэ япхъу Хьэнифэ дахэм къыпльыхьат дзэзешэ хахуэ Къуэдзкэбердыкъуэ Мыхьэмэт. А зэман хъэпхэр нысащэ хьэгъэзыпIъуэтэм темыгъэпсыхьами, Хьэнифэ арэзы хъуат Шапсыгъэм и мызакъуэу, адыгэ щIыналъ псом зи лIыгъэр щызэпльащIыса щIалэм и насыпыр ирипхыну, ауэ а зэманым къекIуэжыну щыта ныеэ уасэм и пIэкIэ зи лъэпкъым и къакIуэнум хуэгумащI бзылъхугъэ Iущым Мыхьэмэт хунгъуват бийм и топ къуентхъу къыхуищIну. Мыхьэмэтми, и лIыгъэм кьыгъэзыгъэ, ятеIэ зэрыщIыхьат.

Адыгэдзэр Пуапсэ быдапIэм тоуэри зэхакIуэ. Мыхьэмэт, урыс топыр къуентхъ къещIри, Хьэнифэ дахэм къыхуешэ, ауэ езыри уЗэгъэ хьэлъэу, щэм зэщIиблауэ къашэж. Мыхьэмэт и гъыбзэм мыпхуэдэу хэтщ ар къыщашэжьм Хьэнифэ жиIауэ:

«СыпыкъуокI гущэри сыщыпшыкъуэплъкI,

Уей, и шытх гущэмэ зы щIыгъэр ити...» - жиIэу.

Шэр къыщыхахьжми лIыгъэшхуэрэ шыIэныгъэрэ кьегъэльагъуэ. ПIэкIри нэхъыфIи къохъужри, абы щIагуфIыкIа джэгуакIуэм «Къуэджэбэрдыкъуэ Мыхьэмэт и щэхъыкъ» уэрэдыр зэхелъхьэ.

Ауэ куэд дэмыкIыу Мыхьэмэтыр кьызэIохьэжри, УЗгъэхэм йолIыкI. Япэрей уэрэдыр хуэзэхъыльхьауэ щыта джэгуакIуэм зэуэ абы гъыбзэ хуеуэ, ар жаГэурэ щIалэр щIалъхьэ.

Абы и ужькIэ Хьэнифэ щIыхухъу щыгъынкIэ зихуатэщ, ЕщIэкIэ зиуэздрэ дэщэскыкIащ, зыми хъыбар иримыгъащIу. ЗыщIыпIэкIэ къыкIа щIалэщIу ятеIэ закъримыгъэщIыхуу, адыгэ шуудзэм хьыхэри, джатэпэрыкIуэу, пщыщхьэмыщIазэу зэуащ гу зыщIимыхуа Мыхьэмэт и лъыр ищIэжу.

Ар зэрыпщащэр кьыщащIар, зэрз-Хьэнифэр кьащащIыхуар кьаукIыу щым кьыщцехуэхарщ. И цIыхухъу пыIэр щхьэрыхури, абы щIэгъэщIкIуа щхьэщыщхуэр кьыщIэхуат, и хьыджэбз кьэншыбэри зэрыщIигъат...

Апхуэдэу я псэр я Хэку-анэм и хуитныгъэм щIатащ.Iыпкъым и бын щыпхъэхэм, зи лIыхъужьыгъэр щIыхуэм ящымыгъупща, хъыбархэмрэ зэрэдыжьхэмрэ зи цIэ захъэтыншIэхэр къыхэна Къуэдзкэбердыкъуэ Мыхьэмэтрэ Къазий Хьэнифэрэ.

Зытхыжар **КЪАРДЭНГЪУЩI Зырамыкущ.**

● Iуащхьэмахуэ

Адыгэ щIалэ

Iуащхьэмахуэ щIалэ, Iуащхьэмахуэ щIалэ,
Iуащхьэмахуэ щIалэ, Iуащхьэмахуэ щIалэ.
Iуащхьэмахуэ щIалэ, Iуащхьэмахуэ щIалэ,
Iуащхьэмахуэ щIалэ, Iуащхьэмахуэ щIалэ.
Iуащхьэмахуэ щIалэ, Iуащхьэмахуэ щIалэ,
Iуащхьэмахуэ щIалэ, Iуащхьэмахуэ щIалэ.
Iуащхьэмахуэ щIалэ, Iуащхьэмахуэ щIалэ,
Iуащхьэмахуэ щIалэ, Iуащхьэмахуэ щIалэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

ЖьэкIэмыхьу Мариндж (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **Ширдий Мариндж** (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Жылаеэ Маритэ, Льостэн Муэз, Ныбжьэ Таисэ, Уэрдокъуэ Жансурэт, Хьэжькъарэ Алик, Шал Мухьэмэд.**

ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык кьалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, еБгъуанэ - епщIанэ кьатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхугъуэхэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ Iащмэрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Iуэхугъуэ IапIэхэм ядолажьэныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериеи - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1апIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытехэм пэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтеуэу зэныту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдахэм яхуэхьныр и пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ пощт зэныщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щыпмыкIэ жэуап екъ КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы ильэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

КъБР-м ЩрихабзэмрэхьыбарегъащIэ ЕнатIэхэмкIэ и министерствэм 1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхьэ и полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цIэкIэ щыIэ

Мы кьыдэжIыгъуэм елъэхьахэр: жэуап зыхь секретарым и кьуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, редактору Тхьэмокъуэ Барэсбий, корректорхэр Щоджэн Инэ *(1,2-нэ нап.)*, Табыш Динарэ *(3,4-нэ нап.)*, корректорхэм я дизайнэрыгъуэ Нуан Заирэ. *Компьютерхэр газетым и тепльэр ящIащ:* Ныр Саидэ, Мэлбахьуэ Анжелэ, *сурэтыщI* Бицу Жанэ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м. Щыгрэдзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 10.045● Заказ №2518